

A137

# DIKTAT MATA KULIAH APRESIASI BUDAYA

(Kasrat Kangge Nyekapi Pawncalan Mata Kuliah Apresiasi Budaya  
ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah)



Dening

Sri Harti Widyastuti, M. Hum

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
TAHUN 2011

# DIKTAT MATA KULIAH APRESIASI BUDAYA

(Kasrat Kangge Nyekapi Pawucalan Mata Kuliah Apresiasi Budaya  
ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah)



Dening

Sri Harti Widyastuti, M. Hum

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
TAHUN 2011

## DAFTAR ISI

Halaman depan .....	i
Daftar isi .....	ii
Silabi .....	ii
Purwaka .....	1
Bab 1. Kabudayaan .....	2
Bab 2. Sifat Budaya .....	8
Bab 3. Apresiasi Budaya .....	16
Bab 4. Wujud Budaya .....	25
Bab 5. Apresiasi Budaya Upacara Bukak Luwur Kyai Ageng Pantaran .....	52
Dudutan .....	55
Daftar Pustaka .....	56

## PURWAKA

Diktat punika karumpaka kangge pasiaonan mata kuliah apresiasi budaya ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Basa lan Seni Universitas Negeri Yogyakarta. Wondene ingkang dados garapan ing salebeting seratan punika inggih perkawis kados pundi pangertosan budaya, wujud, unsur tuladha-tuladha fenomena budaya ingkang lajeng kaapresiasikaken langkung ing para mahasiswa, ndadosaken motivasi ingkang inggil kangge sinau basa, sastra, budaya Jawi, ugi boten kantun karembag

Wekdaling diktat punika kaangkat saged nglancaraken kridhanipun para kadang mahasiswa ingkang nembe ngangsu kawruh. Matur nuwun.

Yogyakarta, 1 September 2011

Sri Harti Widayastuti, M.Hum

## **BAB I**

### **KABUDAYAN**

#### **A. Indikator Pawucalan**

Sasampunipun sinau materi bab kabudayan, para mahasiswa saged:

1. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami pangertosan kabudayan lan naluri
2. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami pangertosan sifat budaya

#### **B. Pangertosan Budaya**

Wonten ing pangertosan sadinten-dinten kadang kala asring kadadosan kalepatan anggenipun nafsiraken, inggih ingkang dipunsebat kabudayan tansah gayut kaliyan perkawis ingkang asifat tradhisional, kados upacara tradhisi, wayang, taraihan klasik, artefak kados tuladhanipun candi, prasasti, lan barang-barang ingkang kapingdhet saking situs purbakala. Perkawis kasebat dipunsebabaken tasih kirangipun apresiasi budaya sacara cetha. Masarakat ugi asring ewuh kanthi teges budaya lan kabudayan. Wonten buku menika budaya lan kabudayan gadhah teges ingkang sami.

Kabudayan utawi budaya inggih sedaya sistem gagasan, raos, patrap, sarta ingkang karya ingkang dipundadosaken gadhahipun kanthi sinau (Koentjaraningrat, 1996: 72). Wonten ing khasanah Antropologi, kathah definisi ingkang dipunaturaken gayut kaliyan budaya lan kabudayan. Tiyang ingkang ahli ngandharaken kebudayaan inggih dipuntegesi minangka pandangan ingkang koheren ngengingi satunggaling ingkang dipunsinaosni, dipunbagi, utawi dipungantosi dening kelompok tiyang. Ing pihak sanes wonten definisi ingkang sampun nedahaken ing materi kabudayan. Definisi kase nebataken kabudayan inggih menika simpenan akumulatif saking pangetahua, pangalaman, kapitadosan, nilai, sikep, makna hierarki, agami, pilahanwekdal, peranan, relasi ruang, konsep ingkang wiyar, lan obyek material ingkang dipungadhahi lan dipunjagi dening sakelompok tiyang.

Definisi ingkang nganggep bilih kabudayan lan tindakan kabudayan minangka sadaya tindakan ingkang kedah dipunbiasakaken kanthi sinau dipunajukan dening ahli-ahliantropologi kadosta, C Wissler ing *Psychological And Historical Interpretations For Culture*, C Kluckhohn wonten *Patterning As Exemplified In Navaho Culture*, A. Davis ing anggitanipun ingkang irah-irahan "*Social Class Influences Upon Learning*". Lan A. Hoebel wonten anggitanipun ingkang irah-irahan "*Man in The Primitive World: An Introduction To Anthropology*". Definisi-definisi ingkang dipunsebataken dening para ahli kasebat naming bagian alit saking sadaya definsi ngengingi kabudayan. Sasampunipun dipunteliti, dipunpanggihi gunggungipun 176 definisi ngengingi kabudayan ingkang salajengipun dipunkempalaken dening A.L Kroeber lan C. Kluckhohn.

Adhedhasar menapa ingkang dipunsebataken wonten ing definisi-definisi kasebat dados kabudayan dipuntegesi minangka gadhahipun manungsa. Sadaya ingkang dipunlampahi manungsa ingkang sumberipun saking kabudayan. Tembung kabudayaan asalipun saking tembung Sansekerta buddhayah ingkang minangka wujud jamak saking buddhi ingkang ateges budi utawi kekal. Ananging culture asalipun saking basa Latin colera ingkang ateges "ngolah" "nggarap", dipunsambungaken kaliyan kagiyatan ngolah siti utawi tani. Salajengipun makna kasebat ngrembaka dados sagala daya upaya sarta tindakan manungsa kangge ngolah siti lan ngewahi alam" Pangrembaka salajengipun, pangertosan budaya nedahaken ing sadaya satunggalipun ingkang dipungadhahi manungsa kanthi sinau.

Sanesipun menika, wonten pagesangan manungsa kaandhut perkawis-perkawis ingkang dados manungsa, ananging dipungadhahi boten kanthi proses pasinaon. Perkawis kasebat dipunsebat nauri, reflex, utawi tindakan-tindakan manungsa ingkang dipulampahi amargi satunggaling proses fisiologi, menapa ugi mapinten tindakan ingkang kelangkung.

### C. Naluri

Naluri utawi instrik dipungadhahi manungsa lan binatang. Naluri inggih menika jurungan ingkang boten dipundhasaraken logika utawi rasio. Jurungan utawi cenderung menika biasanipun ndamel organisme ndamel. Sikep kasebat boten dipundhasaraken awit pamanggihan-pamanggihan pangalaman ingkang angsalipun langkung rumiyen, lan ugi boten dipundhasaraken awit pamanggihipun logika. Wonten organisme gesang ingkang kagolong serangga, tindakan-tindakan sarta tingkah lakunipun dipunanggep adhedhasar jurungan naluri kemawon. Taraf pandewasanan ing serangga ingkang dipungayuh kanthi ngalami proses metamorfosa ingkang kalebet wontenipun sturtural ingkang dalem. Satunggaling serangga dewasa keningal ugi boten gadhah pangalaman-pangalaman gesang kalarumiyen ngengingi cara ngginakaken alat-alat organismenipun, kados pundi angsal pangan, lan peranakan jenisipun. Sinaosa mekaten serangga nglampahi tugas-tugasipun kanthi sampurna, saengga patrapipun saged dipunasoraken adhedhasar naluri ingkang ancasiipun maremaken kapreluan-kapreluan organikipun.

Ing manungsa, patrap naluri dipunbedakaken saking reaksi ingkang adhedhasar reflex. Sikep naluriah menika naming asifat khas tumrap ancasiipun, lan boten ngengingi cara-cara kangge nggayuh ancasiipun kasebat. Wondene naluri ing manungsa saged dipunsebataken ing antawisipun inggih: 1) martahanken dhiri, 2) jurungan kangge pados dhaharan, 3) sex, 4) jurungan pados kanca 5) remen kaendahan, 7) jurungan kangge mbekteni.

#### 1. Naluri kangge njaga dhiri pribadhi

Hakekatipun manungsa gadhah naluri kangge njagi dhiri saking baya saking ingkang ngancem kawilujenganipun. Sacara reflex manungsa gadhah respon kangge nebihi, oncat, uatwi nepis nalika ujug-ujug manungsa dipunadhepaken wonten ing serangan ingkang mbebayani fisikipun. Mekaten ugi, nalika manungsa wonten ing kawontenan ingkang mbebayani jiwaniipun dados piyambakipun badhe ulan kanthi temenan supado tetep saged njagi dhiri. Cara manungsa njagi dhiri tumrap njagi dhiri pribadhi ingkang dipunsinaoni

saking tradhisi mandhap-mangandhap utawi nyinaoni saking fenomena basa ingkang wonten. Adhedhasar pangamatan lan sinau saking cara njagi kasebat salajengipun timbul manekawarni gaya pencak silat, olah kanuragan, ugi ngelmu-ngelmu ingkang salajengipun muncul saking sistem pamanpangatan tenaga ing lebet dipuncampur kanthi olah kanuragan. Ilmu-ilmu kasebat salajengipun misuwur minangka kasaktian. Maneka gaya kangge mertahanaken dhiri ingkang salajengipun dipunsinaoni kanthi turun tinurun dipunsebat minangka budaya, utawi wonten langkung nglebet malih dipunsebat minangka tradhisi.

## **2. Naluri awujud jurungan kangge pados tetedhan**

Nedha lan ngunjuk inggih kabetahan pokok manungsa. Nalika bayi, piyambakipun badhe wungun menawi luwe, sasampunipun pikantuk tetedhan bayi ingkang kalawau mendhel. Tiyang sepuh si bayi salajengipun mucalaken cara-cara nedha lan ngunjuk kanthi sae miturut tata cara ingkang dipunanggep sae lan ndherek norma-norma kasusilan.

## **3. Naluri Sex**

Kabetahan seksual inggih menika kabetahan manungsa sacara biologis, mekaten ugi kangge kewan lan serangga. Kewan lan serangga anggenioun kawin boten wonten ing sembarang papan kanthi caranipun piyambak. Manungsa anggenipun kama kanthi budaya. Tegesipun manungsa ngginakaken pathokan-pathokan tartamtu nalika manungsa kasebat badhe saresmi. Sanesipun menika wontenipun tataru aturan, lan norma ing masyarakat, cara-cara kangge kama dipunsinaoni manungsa saking mapinten buku utawi ajaran agami supados langkung sae lan manungsa saged ngraosaken kanthi langkung sae. Mapinten buku ngengingi pamucalan seksual ugi sampun dipunserat kadosta umpaminipun Karmapala lan Kamasutra. Cara-cara ingkang dipelajari manungsa kangge kama kasebat disebut minangka budaya.



#### **4. Naluri awujud jurungan kangge pados kanca.**

Manungsa inggih menika makhluk sosial, saengga boten mungkin manungsa badhe nebihi saking manungsa ingkang sanes. Dados, nalika manungsa gesang, mesthi sacara otomatis badhe pados relasi kanca, sae kangge sakadar komunikasi lan ugi relasi kanggeurusan ingkang sanes. Cara kangge pados kanca kasebat salajengipun dipunsinaoni dening manungsa saengga muncul wontenipun organisasi, pakempalan, paguyuban. Untuk sakadar nyaosi stimulant supados para manungsa kasebat tetep kepanggih kanca kanthi cara-cara ingkang dipunsinaoni manungsa dipunsebat budaya.

#### **5. Naluri awujud jurungan manungsa kangge ngremeni kaendahan**

Manungsa gadhah naluri kangge ngremenaken perkawis-perkawis ingkang asipat endah. Hakikatipun manungsa remen nalika besus, katatanan lan perkawis-perkawis ingkang asifat estetis. Salah satunggaling dipunsebataken endah utawi estetis, menawi barang utawi satunggaling perkawis kasebat gadhah kasimbangan, bentuk, lan proporsi. Wondene cara-cara kangge nyekapi kaendahan, dipunlampahi manungsa kanthi wujud seni. Bias dipunsebataken wontenipun seni busana, seni tari, seni rupa, seni music, seni rias, seni fotografi, seni teater, seni maos geguritan, lan sapanunggalanipun. Sedaya perkawis ingkang kadhapuk kanthi sinau, kangge nyekapi kabetahan manungsa ngengingi kaendahan salajengipun dipunwucalaken sacara turunturun dhateng generasi salajengipun dipunnamakaken budaya.

#### **6. Naluri awujud jurungan kangge bekti**

Hakikatipun manungsa gadhah kabetahan kangge bekti marang tiyang sepuh, siti wutah gethipun lan ugi Negara. Jiwa menika sampun dipungadhahi manungsa, amargi tiyang sepuh, khususipun ibu inggih tiyang ingkang nglairaken. Manungsa lajeng ngolah kangge ngekspresi bektipun kanthi maneka cara. Kados umpaminipun keningal nalika pananaman sikep putra ingkang santun, boten pernah mbantah nasehat tiyang sepuh, nalika tiyang

sepuh repot lan angasal nasehat tiyang sepuh, nalika tiyang sepuh repot lan angasal kesilann, mesthi badhe mbiyantu.

#### **D. Panyimpangan Budaya**

Budaya asifat positif, amargi dipunpikantuk kanthi sinau, dados sedaya perkawis ingkang asifat negatif boten saged dipunsebat budaya. Wonten pagesangan sadinten-dinten kadang kala kadadosan perkawis-perkawis ingkang dipunanggep sampun turun tinurun lan minangka tradhisi, sinaosa sejatosipun perkawis kasebat asifat awon. Perkawis menika boten saged dipunsebat budaya, ananging panyimpangan budaya. Kados umpaminipun korupsi.

Korupsi minangka sikep anyimpang ingkang dipunlampahi dening tiyang utawi sakelompok tiyang amargi korupsi sukar dipunkendhalikaken lan kalajeng teras sapanjang zaman, dados tiyang nginten perkawis menika inggih kabiasaan masyarakat tartamtu. Langkung parah tiyang ngandharaken korupsi inggih menika kabiasaan masarakat lokal tartamtu. Sejatosisipun menika boten leres. Fenomena asebat minangka panyimpangan patrap tiyang utawi sakelompok tiyang salajengipun dados panyimpangan budaya.

## BAB II

### SIFAT BUDAYA

Budaya gadhah sifat-sifat. Sifat-sifat budaya kasebat angsal dipunginakaken minangka penandha inggih satunggaling fenomena dipunsebat minangka budaya. Kabudayan asifat kabagi utawi shared, adaptif, ewah, integrative, kedah dipunsinaoni lan meksa.

#### A. Kabudayaan asifat kabagi (shared)

Minangka sadaya ide, gagasan, raos, tindakipun, sarta karya ingkang dipunkasilaken manungsa kanthi sinau, dados kabudayan gadhah sifat kabagi. Minangka satunggaling ide, utawi gagasan, tindak utawi patrap manungsa, ingkang ujungipun ing kasil karya manungsa satunggal kaliyan manungsa sanesipun beda. Dados piyambak-piyambak komunitas budaya mesthi wonten ciri khas ingkang mbedakaken, ingkang boten saged dipunsamikaken. Dados boen mungkin budaya dipundukung dening sadaya masarakat tanpa wonten kaJawinip. Ing antawisipun samenten masarakat kasebat mesthi wonten ingkang boten sarujuk lan dukung budaya utawi tradhisi ingkang nembe kalangsungan ing celkipun utawi wilayahipun. Boten jumbuh kasebat kanthi alesan ingkang beda-beda. Minangka tuladha inggih tradhisi budaya Jawi ingkang turun tinurun dipunlampahi masarakat Jawi inggih Wilujengan. Wilujengan biasanipun dipunlampahi masarakat minangka upaya supados wilujeng gesangipun, dipungampilaken sadaya kapreluanipun, rancag padamelanipun saengga rezkinipun wonten, Wilujengan biasanipun dipunwontenaken ndungkap akad nikah, sasampun satunggaling tiyang ibu nglairaken kanthi wilujeng putranipun, utawi ugi dipunadani ing acara pengetan pejahipun anggota keluarga. Wilujengan ugi dipunwontenaken kangge mengeti ambal warsa utawi tiyang ingkang sampun seda.

Tradhisi kasebat minangka tradhisi ingkang turun tinurun. Minangka tradhisi ingkang sampun ngoyod ing masarakat Jawi sacara logika dados tamu badhe dipundukung dening sadaya masarakat. Ananging perkawis menika, boten mekaten, amargi ing antawis masarakat, tamu wonten ingkang boten ndukung tradhisi kasebat, utawi inggih nolak. Alasan panulakan kasebat,

maneka warni, wonten ingkang gayutaken kaliyan pamborosan beaya, amborosan wekdal. Panulakan kaebat ing masa samenika kathah sanget kadadosan seiring kanthi saya tajemipun boten seimbangipun pangertosan Islam kaliyan budaya Jawi.

Budaya sanes dados doktrinmasarakat ingkang dipundukung sedayanipun dening masarakat. Saking masarakat kasbat tamtu wonten sabagean ingkang boten ndukung budaya kasebat, amargi masarakat gadhah raos cipta, raos, lan karsa ingkangsanesipun. Budaya ingkang ing lebetipun tradhisi, minangka kasil saking cipta, raos, lan karsa nenk moyangingkang salajengipun dipunraosaken lan dipunturunaken dening generasi panerasipun. Masarakat salajengipun sinau upacara kasebat lan nyadari bilih wonttenipun fungsi-fungsi ingkang saged dipungali kanthi pangwontenan upacara kasebat, saengga perkawis menika dipunperpanjang usia tradhisi upacara kasebat.

## **B. Budaya asifat adaptif**

Kathah tindakipun manungsa saged dipunsebat minangka kabudayan, amargi gunggung tindakipun ingkang dipunlampahi manungsa ing pagesangan anggen gesang wonten masarakat ingkang boten dipunbiasakaken kanthi sinau, inggih naluri, refleksi utawi tindak-tandukipun ingkang dipunlampahi amargi saking proses fisiologi, lan ugimapinten tindakipun ingkang kalangkung winates sanget. Sedaya menika salajengipun saged dipunringkes wonten sekawan wujud kabudayan, inggih kabudayan minangkasisitem kabudayan ingkang asifat ideologis, kabudayan minangka syitem gagasan, kabudayan minangka sistem patrap lan tindak ingkang sampun katata, lan kabudayan minangka wujud artefak utawi barang-barang fisik. Jumbuh karakter kabudayan sedaya wujud kabudayan kasebat asifat adaptif.

Minangka tuladha, tata cara lan ritual pawiwahan ing tradhisi Jawi kompleks sanget. Minangka satunggaling tradhisi ingkang wgati sanget, amargi minangka salah satunggaling prastawa alur gesang manungsa, dados masarakat kanthi ulan nglampahi ingkang paling saekangge upacara kasebat. wondene cara ingkang dipunlampahi inggih njangkepi tata cara ingkang

wonten ing tradhisi kasebat, supados upacara pawiwahan ingkang dipunwontenaken angsal kawilujengan, lan kalampahan rancag. Tradhisi kasebat wonten saking tradhisi pamanggihipun nenek moyang. Dados wonten mapinten bagian lan perangkat upacara ingkang mbok bilih sampun boten patiya jumbuh kaliyan jaman, utawi boten jumbuh kaliyan jaman pewaris tradhisi kasebat. Minangka umpami ing perangkat busana pengantin Paes Ageng Yogyakarta. Busana menika nglambangaken busana putri kraton, dados kathah kaliyan lambing. Ing pangrembakanipun, masaratkat sampun kathah ingkang ngindhari kangge ngginakaken busanan ingkang kabukak bagean dhadhanipun. Kangge njumbuhaken parkembanganipun dados dipuntuwuhaken samacam rompi kangge busanan Paes Ageng Ngayogyakarta ingkang dipunjumbuhaken kaliyan busana pengantin kangge muslim.

Budaya asifat adaptif ugi ketingal ing upacara tradhisi selamatan utawi asring dipun sebat minangka upacara kendhuri. Ing jaman samenika jenis tetedhan kenduri sampun boten sepaket sekul, gundangan, lawuh, buah, lan ketan kolak apem, ingkang dipunlebetaken ing besek utawi dus, ananging sampun dipungantosi dados satunggal loyang roti utawi bahan mentah umpami, sapolsekawan kilogram wos, sapol sekawan kilogram gendhis pasir, satunggal tigan, satunggal bungkus indomie, ingkang dipunlebetaken kranjang, dos, utawi besek.

Ewah-ewahan budaya kasebat kadadosan amargi saking paewahan patrap masarakat. Rumiyan, saben kepala kaluarga angsal undangan kangge kenduri ingkang biasanipun dipunselenggarakaken ing wengnipun ba'da sholat Isya, lare-lare mesthi badhe nengga karawuhan bapakipun kangge nedha tetedhan besekan, sinaosa mekaten bapakipun wangsul sampun dalu. Lare-lare badhe rebutan tetedhan ingkang dipunremeni. Menika dipunsebabaken amargi warni tetedhan ingkang wonten ing besekan kasebat kathah, kados umpaminipun sekul, sayur, lawuhan, oseng-oseng, buncis, tigan pindhang, tempe bacem, sambel goreng kentang dipuncampur daging sapi, ayam goreng, bakmi goreng, kuluban, ayam suwir saking ingkung, ketan kolak apem, sekul gurih, jadah, wajik, pisang, lan krupuk. Ing tradhisi jaman rumiyan, tiyang sepuh badhe

remen sanget ningali lare-lare lan garwanipun ngraosakaen sekul kenduri ingkang dipunbeta. Bapak biasanipun boten dhahar sekul kasebat, amargi sampun dhahar dhaharan wonten ing tiyang ingkang gadhah hajatan

Tansaya mindhakistan kamampuan, lan mindhakistan taraf ekonomi masarakat dados kabetahan tetedhan saged langkung gampil dipunpadosi. Sanesipun ugi amargi kamajengan teknologi arupi langkung sae fasilitas pangesangan, saengga kangge urusan tetedhan, masarakat sampun kathah pilihan. Dados, nalika kenduri dipunwontenaken ing nalika ba'da Isya, tetedhan ingkang dipunbeta, sampun boten narik kawigatosan utawi inggih dados mambet amargi boten dipuntedha. Lajeng masarakat nggali kangge nggantos wos besekan dados bahan-bahan ingkang tasih mentah utawi awujud roti. Kaajab kanthi nggantos bahan tetedhan menika, saged langkung manpangut tumrap masarakat. Gampilipun nggantospiranti budaya kanthi piranti budaya sanes nedahaken bilih budaya asifat luwes, lan adaptif.

### **C. Budaya asifat ewah**

Hakekatipun kabudayan inggih paewahan, amargi budaya ingkang dipunkasilaken dening manungsa ingkang tindaktandukipun adhedhasar ide lan gagasan ingkangsaben wekdal saged ewah. Dados salah satunggaling sipat kabudayan inggih ewah. Paewahan kabudayan kasebat sacara alon-alon, kanthi polla ingkang saged dipundalemi kanthi teori paewahan kabudayan. Paewahan-paewahan kasebat kalebet kabudayan konsep wujud lan fungsi kabudayan kangge jumbuhaken kanthi konstelasi donya. Paewahan budaya kasebat kadang kala dipunarahaken kangge ancas tartamtu. Paewahan kabudayan ingkang asifat transformative inggih paewahan ingkang dipunrencana lan dipunsengaja kangge ancas tartamtu. Paewahan budaya alamiah kadadosan amargisatunggaling kondisi ingkang inggih ngawontenaken kadadosan paewahan.

Ing paewahan ingkang asifat transformasi, saged dipuntngali saking tuladha nilai budaya ing jaman rumiyen. Satunggaling umpami, geseripun pangertosan belapati ing Hindu Lami. Ing nalika menika belapati

dipunmangertosi minnangka wujud nyata kasetyan lan solidaritas ingkang tuhu. Belapati dipunlampahi dening wanita ingkang pacar utawi garwanipun seda kanthi mbesem dhiri di patumangan dumugi pejah. Wanita kasebat gadhah kapitadosan bilih kanthi belapati kasebat dados piyambakipun badhe kepanggih kanthi garwanipun wangsul lan nglajengaken pangabdian pagesanganipun ing alam sunyaruri.

Ing wekdal samenika konsep belapati ewah lanlangkung dipuntegesi minangka etos pajuangan wanita. Teesipun wanita dipunwastani belapati dhateng garwanipun ingkang sampun seda, menawi saged nglajengaken cita-cita kekasih utawi garwanipun saboten-botenipun ngajengaken parjuanganipun.

Paewahan budaya ingkang dipunlampahi saged dipungatosaken saking proses paewahan struktur masarakat saking masarakat agraris dados masarakatindustri. Perkawis kasebat nyebabaken kadadosan paewahan konsep pamanggihan saking konsep agraris dhateng konsep industri. Nalika nyebabaken kadadosan paewahan konsep amanggihan saking konsep agraris dhateng konsep industri. Nalika wekdal masarakat tasih wonten kawasan masarakat agraris, dados budaya komunal, lan kacelakan kaliyan alam kentel sanget, masarakat industry, masarakat wiwit dipuntuntut kangge asifat kompetitif ingkang akibat wontenipun individualisme, material, lan realistik.

Sifat ewah ketingal sanget ing paewahan model rikma, rasukan, lan sepatu. Hamper dipunpesthikaken wonten ing satunggal tahun kadadosan gaya nata raikma, rasukan, lan sepatu. Mapinten wekdal ingkang riyen trend nata rambut kangge anak enem inggih model high light lan harajuku. Samenika model nata rikma in glare enem ewah dhateng model tatanan bob, emo, lan layer. Ing gaya busana ketingal wonten paewahan model celanan saking model celanan tujuh perwolu dados model hipster penuh lan sadhengkul. Wondene panggunaan sepatu in glare enem mapinten wekdalrumiyen kathah ngginakaken model high heels, samenika ewah kanthi model casual kets.

#### **D. Budaya Asifat Integratif**

Budaya asifat integrative tegesipun unsur-unsur utawi sifat ingkang kapadu dados satunggaling kabudayan sanesa sakempalan adat biasanipun ingkang kempal sacara acak-acakan mawon. Sifat integrative kabudayan dipunpengaruhi dening sifat ingkang adaptif lan ewah.

Masyarakat tani ing Jawi gesang kanthi cocok tanem. Nalika masyarakat tani kasebat panen kasil panen sayuranipun, dados tani kasebatbadhe mbagi kasil panenipun dhateng tanggi ingkang sanes tani, lan mbagi marang sasami tani. Patrap kados mekaten nedahaken sifat integrasi wonten ing budayanipun.

Kabudayan ingkang unsur-unsuripun sami sanes antawis satunggal kaliyan satunggalipun boten lajeng sanes teras. Minangka umpami wonten ing asarakat ing Indonesia sampun dados kabiasaan bilih satunggaling tiyang pengendara sepedha motor mandheg nalika lampu abrit, lan mlampah teras nalika lampu ijem. Boten mungkin ing kabudayan menika damel pathokan bilih tiyang ingkang ngendharai ingkang sampun dugi wonten persekawanan margi ingkang gadhah lampu lalu lintas enggal mawon mlampah jumbuh urutanipun. Menika dipunsebabaken amargi pathokan kasebat saling bertentangan. Dados kabudayan cenderung wonten unsur-unsur ingkang saged dipunjumbuhaken satunggal sami satunggalipun.

#### **E. Budaya kedah dipunsinaoni**

Louis Leahy ngandharaken bilih manungsa sacara biologis dereng rampung. Manungsa boten nate dewasa utawi sampurna amargi eksistensipun minangka satunggaling proses pencapaian lan prses sinau tanpa wates. Manungsa inggih makhluk ingkang boten nate puas. Budaya inggih proses sinau, budaya kedah dipunsinau manungsa kangge pagesanganipun. Budaya dados gadhahipun manungsa amargi sinau.

Manungsa gadhah naluri arupi kabetahan dhahar, ngunjuk, nglampahi aktifitas kados umpami micara, mlampah, ngangge rasukan, lan tata cara ingkang dipuntayangaken. Sedaya menika badhe ngawontenaken kesan tiyang sanes bilih menapa ingkang dipunlampahi manungsa kasebat sopan, etis, lan



jumbuh kaliyan norma utawi boten, perkawis menika ingkang dipunsebat minangka budaya. Tansaya manungsa sinau maneka warni tata cara, kados umpaminipun tata cara kangge tetedhen, ngunjuk, mlampah, ngangge rasukan, lan sapanunggalanipun, saengga manungsa kesnipun badhe gadhah tata cara ingkang dipunsebat budaya, tegesipun patrap ingkang alus, tata, lan wusananipun dados kesan budaya ingkang sae sanget. Sedaya menika dipungadhah manungsa amargi sinau. Ing pagesangan bilih kesenian ingkang asalipun saking budaya rakyat, kesenian ingkang asalipun saking budaya kraton utawi kesenian saking budaya jaman saged gesang amargi manungsa nyinaoni. Tegesipun budaya menika kedah dipunsinaoni supados gesang teras. Wondene pangertosan kasenian asalipun saking budaya rakyat inggih menika kesenian ingkang wonten utawi dipunciptakaken dening rakyat kangge rakyat. Dados titikan-titikan ingkang wonten inggih menika: kesenian kasebat asifat sadherhana sanget, menapa wontenipun, pangilon patrap rakyat, ingkang dipunpangilonaken saking gerakan lan ugi property ingkang dipunginakaken. Kados umpaminipun kasenian jathilan, kethoprak, angguk, ndholalak, jaran kepang, dst. Ing kasenian-kasenian kasebatgerakan ingkang dipuntampilaken asifat ulangan-ulangan ingkang saderhana, kangge property njumbuhaken kaliyan kawontenan. Kados umpaminipun ing pertunjukan jaran kepang utawi jathilan, kadang kala angel madosi pedang minangka propertinipun. Saengga piyambakipun ngginakaken kemoceng kangge nggantos pedang.

Wondene kasenian ingkang asalipun saking budaya kraton inggih menika kesenian ingkang asalipun saking kraton, dipunciptakaken kangge komunitas kraton, asifat alus, penuh pesen moral, lan sanget njunjung inggil etika. Kados umpaminipun pagelaran ringgit purwa, lan tari bedhaya pagelaran ringgit, pesen-pesen moral sanget dipunmajengaken, mekaten ugi pathokan basanipun, ing pundi ngginakaken basa Jawi krami inggil, krami andhap, madya menapa ngoko kangge pacelathon para tokoh nggatosaken sanget.

Mekaten ugi kangge ngawontenaken pagelaran tari bedhaya, prelu wontenipun ritual tartamtu supados tarian ingkang dipungelaraken mlampah lancer kados umpaminipun, panari kedah siam langkung rumiyen, panari

kedah gadis ingkang tasih suci, sajenipun kedah dipunwontenaken sadereng kaliyan nalika proses tariandipuntarikaken.

Kesenian ingkang asalipun saking budaya masa inggih menika kesenian ingkang dipun olah saking kesenian bilih kasenian rakyat lan ugi kesenian kraton, ing jenis-jenis kesenian tartamtu dipunginakaken kangge ancas ngathahaken masa pamirsa. Pangolahan saged awujud pangolahan panggarapan panedahan awujud panyekakan wekdal, panambahan adegan penyegar lan ugi pandamelan property lan panampi supados saged dipunginakaken kangge kapentingan pariwisata. Perkawis menika ketingal ing garapan pagelaran pakeliran padet ringgit purwa, ingkang kalawau durasinipun satunggal dalu, salajenipun dipuncekak dados kalih jam. Mekaten ugi dalang ingkang waunipun dipunanggep minangka guru ingkang mucalaken ngengingi etika, sopan santun, kaleresan, lan wulangan-wulangan sae, salajengipun muncul dalang ingkang ngginakaken teknik balik kanthi pathokan. Dalang kasebat tampil kanthi gaya basa ingkang kabikak sanget, asifat denotative, menapa wontenipun, kanthi bahan garapan humor ing perkawis-perkawis ingkang asifat porno, sindiran kawontenan kanthi banyolan, lan salajengipun. Dalang-dalang kasebat manpanagtaken aktris utawi selebritis kangge ngisi bagean tartamtu ing pagelaranipun supados pamirsa antusias kangge mirsani.

## BAB III APRESIASI BUDAYA

### A. Indikator Pawucalan

Sasampunipun sinau materi bab apresiasi budaya, para mahasiswa saged:

1. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami teori apresiasi budaya
2. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami tahap apreiasi budaya

### B. Pangertosan Apresiasi

Pangertosan apresiasi nedahaken ing kagiyatan ingkang awalipun saking tepang dumugi ngekspresikaken kanthi manpangataken horizon harapan presiator. Wondene definisi apresiasi miturut KBBI inggih menika kesadaran tumrap nilai-nilai seni budaya; penilaian utawa penghargaan tumrap satunggaling. Hornby (1973) ngandharaken bilih apresiasi inggih menika panepangan, panimbangan, lan pambijian. Wethrrington nyebat bilih apresiasi inggih pangertosan utawi pangembangan satunggaling tiyang tumrap nilai ingkang langkung inggil. Effendy nyebat bilih apresiasi inggih menika nyrawungi kanthi tuhu saengga wonten pangertosan, panghargaan, kapekaan kritis, lan kapekan raos.

Adhedhasar definisi-definisi ingkang dipunsebataken ing nginggil dados saged dipundudutaken bilih apresiasi inggih menika pangertosan utawi panepangan sacara trep saengga wonten panghargaan lan pambijian. Menika saged ugi dipunsebataken bilih apresiasi inggih kagiyatan nyrawungi kanthi tuhu saengga thukul pangertosan, pambijian, pangreginan, kapekaan kritis, lan kapekaan raos.

Kangge salajengipun apresiasi budaya inggih menika pangertosan lan panepangan sacara tepat saengga tukhul pangreginan lan pambijian tumrap kasil budaya. Pangertosan ingkang sanes, epresiasi budaya inggih menika kagiyatan nyrawungi kasil budaya kanthi tuhu saengga wonten pangertosan, panghargaan, kapekaan pangraosan ingkang sae tumrap kasil budaya.

## B. Tahap Apresiasi Budaya

Supados saged nglampahi apresiasi budayadipunbetahaken pangetahuan ingkang sejatosipun ngengingi fenomena budaya. Perkawis menika prelu dipuntekenaken amargi, ing masarakat samenika khususipun generasi mudha sampun boten patiya nggatosaken fenomena ingkang dipunsebat minangka budaya, khusus budaya tradhisi lan artefak peninggalan jaman rumiyen. Minangka tuladha satunggaling mahasiswa asalipun asking wilayah DIY-Jateng, mapan ing Ngayogyakarta amargi kuliah. Sawijining dina tiyang sepuhipun nuweni ing kost putranipun ing Ngayogyakarta. Ing antawisipun tiyang sepuh kasebat ngersakaken badhe nuweni Ing Candi Prambanan. Mirengaken menapa ingkang dipunkersakaken tiyang sepuhipun, anakipun matur bilih kangge menapa nuweni candi, amargi menika naming bangunan ingkang arupi sela, kangge menapa ningali sela. Atur saking mahasiswa kasebat amargi piyambakipun sampun boten celak malih kaliyan khasanah budaya tradhisi, lan boten mangertosi fenomena kabudayan ingkang dados karangka pagesangan.

Kadadosan ingkang sanes umpaminipun, satunggaling lare enem ingkang dherekaken tiyang sepuhipun ndherekaken upacara tradhisi pengantin Jawi, ing pundi wonten tahap baling-balangan gantal utawi sami ambalang ron sirih, salajengipun wonten tahap midak tigan. Lare enem kasebat kanthi sinis ngaturaken kangge menapa nglampahi acara kaebad kados lare alit, sami ambalang gantal, lan ngangge mecah tigan. Lare enem ugi matur kangge menapa pengantin kasebat ngangge busana pengantin kados raja, kados kethoprak mawon, lanlangkung malih kangge menapa mbuang-mbuang artha kangge upacara kasebat. Pamanggihipun lare enem kasebat boten klentu, amargi piyambakipun gadhah sudut pandang ingkang beda dipunsebabaken garingipun khasanah budaya ingkang wonten ing pagesanganipun, saengga pamanggihipun saking asifat nyata, material, lan boten nggatosaken humanisme.

Supados dumugi ing apresiasi budaya dipunprelokaken tahap-tahap, umpaminipun mangertosi fenomena, paham maknaipun fenomena, sadhar ngengingi nilai, ngregani kasil budaya.

### **1. Mangertosi Fenomena**

Tahap wiwitan tiyang saged nglampahi apresiasi budaya inggih menika satunggaling tiyang kasebat mangertosi fenomena budaya kasebat. Kangge mangertosi fenomena kasebat prelu dipunlampahi kanthi pamucalan khususipun tumrap generasi mudha, saengga generasi mudha mangertosi ngengingi wonenipun mapinten fenomena budaya, inggih budaya tradhisi lan budaya modern. Kawigatosan generasi mudha ing budaya tradhisi prelu dipuntanem, saengga piyambakipun mangertosi ngengingi kesenian tradhisional, musik tradhisional, upacara tradhisi, kearifan local, piwulang moral ingkang asalipun saking konsep budaya local lan artefak budaya.

Pamarintah prelu nyaosi stimulant supados institusi lan masarakat wau nglampahi pamucalan budaya. Perkawis ingkang positif sanget sampun dipuntindakaken dening Bupati Bantul saking DIY ingkang nindakaken pamucalan budaya Jawi tumrap ingkang gadhah budayanipun piyambak inggih masaraklat Bantul kanthi cara nyamektakaken satunggal dinten penuh kangge ngangge basa Jawi ing lingkungan pamerintah daerah, institusi ing lingkungan pemerintah daerah lan sekolah-sekolah ing kawasan kabupaten Bantul. Tanpa sadar masarakat sampun dipuncelakaken malih kaliyan budayanipun, lan sacara boten langsung masarakat ugi badhe nglampahi pamucalanlangkung nglebet tumrap maneka tradhisi lan budaya ingkang wonten.

### **2. Mangertosi Makna saking Fenomena**

Sasampunipun masarakat mangertosi ngengingi fenomena, salajengipun masarakat dipuntuntun kangge mangertosi fenomena kasebat. Kangge mangertosi fenomena dipunprelokaken wontenipun pengetahuan ingkang nunjang kados umpaminipun pamahaman estetika, paewahan, sifat lan wujud

budaya. Minangka tuladha, satunggaling tiyang saged mangertosi fenomena ngengingi tradhisi upacara saparan Yaqawiyu ing Klaten Jawi Tengah, amargi tiyang kasebat gadhah ide, konsep lan gagasan ingkang salajengipun dipungriyakaken ing patrap upacara tradhisi kasebat lan dipunlampahi kanthi property ingkang dipunginakaken. Kados apem ingkang kaginakaken, gunbnggungipun ewon ingkang salajengipun dipunsebar kangge masarakat. Masarakat antusias lan ngantos rebutan kangge angsal apem kasebat.

### 3. Sadar ngengingi Nilai

Sasampunipun masarakat 5 mangertosi ngengingi fenomena, salajengipun sadhar fenomena inggih gadhah makna sanget, salajengipun badhe dipundhudhut bilih wontenipun nilai ing fenomena budaya kasebat. Ing etika dipuntepang khususipun nilai-nilai rohani, inggih nilai-nilai ingkang sae, ingkang leres lan ingkang endah. Nilai-nilai menika gadhah sifat supados dipunrealisir lan dipunsebat minangka nilai actual, menawi ingkang nengga realisasai dipunsebat nilai ideal. ingkang sepisan nyaosi sisi dhateng pagesangan manungsa, ingkang kalih nyaosi arah utawi jurusan, inggih jurusan kangge langkung kathah realiser nilai. Kajujuran, kasetyan, kapantesan, lan salajengipun inggih nilai-nilai pagesangan. Eksistensi manusiawi dipunisi dening nilai-nilai ingkang dipuntuntun dening pangertosan ngengingi nilai, menawi kasadaran ngengingi nilai jagi lan ngrawat supados eksistensi manusiawi menika tetep wonten ing tingkat kamanungsan. Dipunandharaken bilih ati nurani inggih gunggungipun saking pangertosan nilai ing pribadhi manungsa, menawi pribadhi inggih menika nilai ingkang inggil.

Sasampunipun manungsa mangertosi lan mahamingengingi fenomena dados manungsa sadar bilih fenomena kabudayan kasebat gadhah nilai ingkang manpangat kangge pagesangan manungsa. Budaya wonten lan tetep gesang amargi budaya kasebat gadhah nilai In fungsi ing masarakat. Nilai-nilai ingkang saged dipunandharaken saking tradhisi upacara Sekaten inggih menika nilai religious, lan sisal ingkang nedahaken wontenipun konsep Manunggaling Kawula Gusti kangge memayu hayuning bawana. Upacara

Sekaten ingkang dipungelaraken ing Kraton Ngayogyakarta lan Karta Sala dipunwontenaken dening kraton minangka symbol bilih raja nggatosaken sanget kawigatenan rakyat, raja manunggal kaliyan rakyat, raja mersuasikaken agami Islam kanthi cara ingkang alusa sanget, boten kanthi meksa, ing antawis menika kertan nggatosaken kasejahteraan lair lan batos rakyatipun, kanthi cara nggelaraken kesenian rakyat arupi pasar malem, lan ndamel gunung ingkang salajengipun badhe dipunrebutaken kangge rakyat. Maneka sajen ingkang dipundamel kangge kapentingan Grebeg Sekaten nandhakaken wontenipun upaya kangge nyelarsaken donya. Saben menapa ingklang dipunlampahi manungsa dados boten badhe ngganggu alam, kanthi cara amit-amit utawi nyuwun ijin ndamel sajen ingkang dipunpapanaken ing papan-papan taramtu. Kawigatosan pangarsa dhateng rakyatipun, awit pagesangan rohanilan kasejahteraan kangge pagesanganipun, sarta panjagian alam dados satunnggaling konsep memayu hayuning bawana.

Ing upacara tradhisi ingkang asring dipunlampahi dening masarakat khususipun masarakat Jawi, kados umpaminipun tradhisi upacara pengantin Jawi, ingkang dipunwiwiti saking pangetangan ingkang cekapmateng kagayut kaliyan neptu lan weton calon pengantin lan dinten sarta tanggal dipunlampahi akad nikah ingkang trep lan jumbuh kaliyan neptu lan weton penganten nandakaken bilih tiyang Jawi ngatos-ngatos sanget anggenipun nemtokaken nalika ingkang wigati sanget ing pagesangan. Sasampunipun nemtokaken dinten, masarakat Jawi nyamektakaken sedaya ubarampe upacara, sarta nglampahi tahap-tahap ingkang kadang kala dipunsadarhanakaken. Sinaosa mekaten upacara tradhisi kados baling-ambaang gantal, midak tigan, kacarkucur, tanpa kaya, biasanipun tetep dipunlampahi.

Nilai ingkang saged dipunpendhet saking wontenipun patrap budaya kasebat, bilih upacara pengantin kangge masarakat Jawi inggih menika upacara ingkang wigati sanget ing pagesangan manungsa. Wonten ing pagesangan manungsa wonten 3 tahap ingkang penting sanget, inggih menika metu, manten, lan mati. Manungsa lair kangge nglampahi pagesangan ing donya, saengga saking ing kandungan ibu kedah njagi sanget

kandunganiipun, kanthi nepati sadaya pantangan ingkang wonten, kados umpaminipun boten nyakiti makhluk sanes, boten nglampahi perkawis ingkang awon kanthi micara awnipun tiyang, bapak ugi nalika garwanipun ngandhut boten nglampahi sikep ingkang awon, umpami mburu, mateni kewan, lan salajengipun. Lingkungan ugi dherek njagi kanthi cara nglampahi upacara tradhisi brokohan. Mitoni dipunlampahi nalika umuripun kandhutan pitung wulan, lan minangka anak sepisan. Upacara mitoni ngemutaken bilih ibu kedah ngatos-ngatos sanget lan nyenyuwun kawilujengan marang Gusti supados kandhutanipun kiat dumugi umur kandhutan 9 wulan.

#### **4. Ngregani Kasil Budaya**

Tahap salajengipun saking panyadaran manungsa bilih fenomena budaya gadhah nilai inggil sanget, ing pundi nilai kasebat boten sacara kaserat, ananging kasirat, dados tahap salajengipun manungsa badhe saged ngregani kasil budaya kasebat. Fenomena budaya ingkang wonten ing saben manungsa gadah nilai ingkang lebet sanget, pekawis menika saged dipundadosaken pengendali sosial, kangge minimalisir patentangan lan pambédanan ingkang asring wontening pagesangan manungsa. Kanthi nglampahi apresiasi sajatosipun gampil kangge saged mahami bilih saben karya lan gaya inggih produk manungsa ingkang minangka kreatifitas, ingkang saged dipuntelusuri saking jalur budaya ingkang mbok bilih nembe mereka enut.

Mekaten ugi sasampunipun masarakat mangertosi ngengingi fenomena, mahami kabermaknaan lan sadar ngengingi nilai, dados masarakat boten malih badhe ngina karya-karya ingkang suker dipuntampi, kados karya lukis absurd, karya sastra post modernisme, tarian lan pagelaran happening art, pengembangan rasukan ingkang kaginakaken, sepatu, lan asesoris tumrap lare mudha, pengembangan basa ingkang kaginakaken, lan sapanunggalanipun.

#### **5. Tindak salajengipun Apresiasi Budaya**

Pangajab ingkang ageng sanget saking kagiyatan apresiasi budaya inggih menika wontenipun tindak lanjut arupi panguri-uri, panjagian, pengembangan,



pambinan, pamanpangatan. Ing budaya tradhisi inggih arupi ide, perilaku, lan artefak, sasampun masarakat saged mahami lan ngergani wontenipun nilai ingkang ageng sanget ing sawalikipun kasil budaya kasebat, dados prelu wontenipun tindak lanjut arupi palestarian. Kange nglestarekaken saged dipunlampahi cara-cara ingkang kasistenm dening pamarintah daerah lan ugi dening masarakat piyambak. Palestarian ing ngriki kalebet ing nglebetipun inggih upaya mertahanakenkanthi boten ngrisak, njagi kaawetan, boten mendhet, kados ingkang kadadosan ing paninggalan arupi patung-patung candi. Upaya ingang dipunlampahi pamarintah saged kanthi upaya persuasive kanthi iklan layanan masarakat, media, slogan, lan ugi perintah kaserat kangge dipunaturaken ing masarakat.ing masarakat upaya palestarian, saged arupi upaya kangge njagi saking karisakan, kapunahan, ngrawat lan neggur tiyang-tiyang ingkang boten paham ngengingi nilai kasil budaya kasebatlajeng ulan kangge ngrisak.

Upaya panjagian arupi upaya kangge nglindungi barang-barang lan tradhisi ingkang wonten supados tetep gesang. Ing kasus tansaya icalpun tradhisi tarian Pek Si Moy ing Kulonprogo inggih menika boten wontenipun upaya kangge nglestaikaken lan njagi kasil budaya kasebat saengga boten wonten maling ingkang narik kangge narik kawigatosan tarian Pek Si Moy kasebat, ing antawis menika para sesepuh utawi guru tari sampun boten gadhah ulan ingkang tumenan kangge tetp nggatosaken pagesangan tradhisi kasebat.

Panjagian ingkang saged dipunlampahi kangge njamin pagesangan basa Jawi salah satunggalipun inggih menika kanthi dipunterbitaken Perda ngengingi pelestarian bilih Jawi kados ingkang sampun dipunlampahi dening pemerintah.

Pangembangan ingkang dipunmaksud inggih menika nglampahi kagiyatan ingkang ancasipun ngembakaken budaya kanthi program-program ingkang dipunsusun dening pemerintah, lembaga swasta lan ugi masarakat piyambak. Wontenipun mapinten ragam tari kreasi enggal sajatosipun inggih wujud saking pangembangan tari-tarian tradhisional. Mekaten ugi upaya kangge

nyejagataken Basa Jawi kanthi IT, mekaten ugi basa Jawi dipunginakaken kangge nerjgriyaaken Undang-undang Dasar sajatosipun inggih upaya kangge ngembangaken basa Jawi. Basa Jawi ingkang waunipun madahi budaya local Jawi ingkang langkung asifat agraris, dipunpeksa ksupados mlebet ing donya ukum. Kanthi mekaten badhe wonten warni enggal ingkang minangka pangembangan basa Jawi.

Pambinaan saged dipunlampahi kanthi kaprogram, asifat formal, informal lan ugi formal. Ing pambinan ingkang asifat formal saged dipunlampahi dening dinas ingkang gayut ingkang sampun dipunprogramaken ing program kerjanipun nglampahi pambinan budaya. Pambinan ingkang dipunkersakaken saged arupi seminar, sarasehan, pgladhen, lan ugi festival. Festival Kesenian Ngayogyakarta sajatosipun inggih menika arena pangembangan lan pambinan budaya ingkang lebet sanget. Mekaten ugi Sanggar Sastra Jawi ingkang dipunwangun dening Balai Bahasa Yogyakarta inggih arena pambinan kangge kawigatosan pagesangan sastra, dipunsebat mekaten amargi peserta bengkel sastra kasebat dugi saking mapinten kalangan sae anak mudha lan ugi ingkang sampun sepuh, ingkang kanthi ulan dherek njagi pagesangan budaya Jawi.

Pawucalan basa Jawi saking jenjang SD dumugi SMA ing DIY lan Jawi Tengah sejatosipun inggih upaya pambinan budayan lokal ingkang dipunlampahi dening Pamarintah daerah kanthi mata pelajaran muatan lokal, saengga kanthi dipunsinaoni basa Jawi lan sastra, serta budayanipun saengga dipunjab generasi mudha boten ical akar budayaipun, lan sadar ngengingi pijakan budaya ingkang minangka kawasan pagesanganipun.

Kongres Basa lokal kados Kongres Basa Jawilan Kongres Kabudayan, tahun 211, ugi saged dipunsebat minangka upaya pambinan kaprogram budaya. Kaselenggarakaken kongres kanthi skala internasional kasebat mbuktekaken bilih pamarintah nggatosaken sanget pambinan budaya, kangge masarakat supados budaya asli nusantara boten kacerabut saking siti Nusantara.

Pagesangan budaya saged dipunaturaken saged kalampahan kanthi sae sanget, nalika masaakat saged manpangataken kasil budaya tradhisi kasebat kangge refensi pagesanganipun. Ajaran-ajaran moral ingkang minangka pamanggih gesang nenek moyang saged dados panuntun lan solusi perkawis pagesangan manungsa. Mekaten ugi kearifan local masarakat kados umpaminipun pangendaen alan, saengga minimalisir karisakan alam sarta lingkungan amargi salah tingkah manungsa ingkang boten tanggel jawab, pangetahuan ngengingi pangobatan tradhisional, jamu, ayuning tradhisional, pangolahan lingkungan, perikanan, tanen, pangetahuan ngengingi cara ngiris daging sapi supados saged dipunmanpangataken sacara optimal, pangetahuan ngengingi palintangan, arsitektur tradhisional, pangetahuan pandamelan pusaka, pangetahuan ketekniksipilan lan salajengipun.

## BAB IV WUJUD BUDAYA

### A. Indikator Pawucalan

Sasampunipun sinau materi bab wujud budaya, para mahasiswa saged:

1. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami wujud budaya

Kabudayan utawi budaya inggih menika sedaya satunggaling ingkang dipungadah manungsa kanthi sinau. Budaya gadhah wujud. Wujud budaya kasebat inggih menika kompleks ide-ide, gagasan, nilai-nilai, norma-norma lan pathokan, kompleks aktifitas sikep ingkang kapola manungsa, lan kasil karya manungsa.

### B. Kabudayan Awujud Komplek Ide-ide

Kabudayan awujud kompleks ide-ide asifat abstrak, fungsini mipun minangka tata kalakuan ingkang ngatur, ngendalikaken, lan nyaosi arah tumrap kalakonan lan tindaktanduk manungsa ing masarakat. Kabudayan ingkang awujud kompleks ide-ide saged dipunrinci malih umpaminipun adat tat laku, adat-istiadat, tata cara, lan sapanunggalanipun. Kabudayan awujud kompleks ide asring dipunwastani system budaya.

Ide lan gagasan bilih pagesangan saenipun dipunlampahi kanthi konsep harmoni minangka konsep pagesangan ing budaya Jawi. Saengga wonten konsep ngurmatitayang sepuh, tiyang sanes, tamu, alam lan lingkungan. Ing masarakat Jawi wonten tata susila, ing pundi satunggaling lare nalika micara kanthi tiyang ingkang langkung sepuh boten angsal kacak pinggang, boten angsal ngangge nunjuk-nunjuk pasuryan tiyang kasebat, sebab perkawis kasebat inggih kalebet boten sopan. Undha-usuk basa Jawi ingkang samenika ngrembaka dados basa Jawi karma inggil, basa Jawi karma madya, lan ngoko inggih implementasi saking ide nyiptakaken pagesangan ingkang harmoni, ing pundi lare lan tiyang enem wajib ngurmati tiyang ingkang langkung sepuh. Ing unggah-ungguh basa Jawi lare badhe sacara otomatis boten badhe

saged kasar kaliyan awan wicaranipun. Mekaten ugi miturut kasil panaliten Widyastuti, 1999: 21) ngandharaken bilih lare ingkang ngangge basa ibu basa Jawi ingkang dipundhidhik ngangge basa Jawi karma inggil boten prelu dipuncaosi pirsa dening tiyang sepuhipun supados sopan, kanthi mucalaken cara lenggah ingkang leres ing ngajeng tiyang sepuh, cara mlampah nalika ing sangajengipun tiyang sepuh ingkang saweg lenggah, cara matur kaliyan tiyang sepuh. Kanthi piyambak lare kasebat badhe nglampahi mekaten. Perkawis menika beda kaliyan lare ingkang dipundhidhik ngginaaken basa Indonesia minangka basa ibu larenipun. Lare menika kedah dipuncaosi pirsa, menawi kedah permisi nalika wonten ngajeng tiyang sepuh ingkang saweg lenggah, mekaten ugi lare kasebat ugi kedah dipuncaosi pirsa menawi kedah asikep sopan kanthi cara dideskripsikan cara-cara kasebat.

Salah satunggaling ide dhasar wontenipun ungkapan tradhisional Jawi ugi kangge njagi harmani gayutan kaliyan tiyang sanes.

Konsep pandhidhikan budi pekerti ketinggal ing kasil budaya ingkang arupi ungkapan-ungkapan tradhisional Jawi. Masarakat Jawi ing jaman rumiyen nyiptakaken ungkapan tradhisional kangge mucalaken budi pekerti ingkang sae tumrap masarakat supados ing pagesanganipun kacipta harmoni. Kados tuladha ungkapan-ungkapan tradhisional ing ngandhap menika.

- a. Aja dhemen metani alaning liyang
- b. Aja mung milik glebyar
- c. Yen wania ing gampang wedia ing ewuh sebarang ora tumeka (Sumarti Suprayitno, 1986: 452-453).

Konsep garwa ingkang ideal dhateng garwanipun ing masarakat Jawi dipungambaraken menawi garwa kasebat saged nedahaken perkawis-perkawis ingkang saged dipunanggep minangka kriteria. Wondene kriteria ingkang dpunkersakaaken inggih mekaten.

- a. Gemi nastiti, tegesipun minangka garwa kedah saged ngginakaken kasilipun saking garwanipun kanthi gemi lan teliti.
- b. Reti ngati-ati, tegesipun minangka garwa kedah saged njagi anggenipun griya-griya kanthi ngatos-atos.

- c. Surti, tegesipun minangka garwa kedah njagi karahayon lan kawilujengan garwa lan kaluarganipun.
- d. Gumati, tegesipun minangka garwa kedah nggatosaken sedaya mawon supados wilujeng, bagya gesangipun, sae saking lair dumugi batos.
- e. Bekti, tegesipun minangka garwa kedah setya dhateng suami.  
Salajengipun satunggaling garwa sae lan tanggel jawab ing khasanah budaya Jawi inggih menika garwa ingkang gadhah kriteri tartamtu.
- a. Hangayomi, tiyang jaler ingkang badhe karma kedah saged maringi pangayoman kangge estrinipun, tegesipun saged nuwuhaken ayem, tentrem ing gesangipun.
- b. Angomahi, tegesipun tiyang jaler minangka kepala kaluarga kedah saged nyediani papan, kangge gesang ing kaluarganipun.
- c. Hangayemi, tegesipun tiyang jaler minangka jaler kedah saged paring raos tentrem, ayem, boten damel perkawis ingkang tundhonipun saged nuwuhaken tiyang estri serik manah lajeng padudon ingkang baku tiyang jaler kedah jujur lan saged dipunpitados.
- d. Hangamajani tegesipun tiyang jaler kedah saged ngasilaken lan ngupayakaken turun ingkang utama supados gesang rumah tanggaipun saged dipunterasaken dene anak putunipun.

### **C. Kompleks Aktifitas Berpola**

Wujud budaya arupi aktifitas berpola inggih menika awujud perilaku lan tindaking manungsa ingkang asifat konkrit saged dipunfoto lajeng dipundokumentasikaken, wujud budaya menika asring kasebat system social ingkang gayut kaliyan polaning manungsa amargi wonten interaksi kaliyan saasama. Perilaku manungsa awujud tindaking manungsa nalika komunikasi lan sesarengan kaliyan manungsa sane sing masarakat adhedhasar adat-istiadatipun. Aktifitas menika wonten awit saking manungsa badhe pados kabetahan gesang, kabetahan pendhidhikan, kabetahan ilmiah, kabetahan raos kaendahan, lan kabetahan religi.

## 1. Cara kangge nyukupi Kabetahan Kekerabatan

Cara kangge nyukupi kabetahan menika ketingal nalika tiyang badhe palakrama. Ing masarakat Jawi cara-cara ingkang dipunlampahi nalika palakrama maw tahap.

### a. Babad Alas

Ing riku tiyang sepuh saking calon kakung mutus tiyang ingkang dipunsebat congkok kangge mangertosi menapacalon putri sampun gadhah calon utawi sisihan.

### b. Nontoni

Tegesipun calon penganten kakung dipunajak denuing kaluarganipun dhateng ing griyanipun ingkang calon estri awit saking calon penganten kakung dereng panut kaliyan calon penganten estri. Ing ngriku calon penganten kakung saged mirsani lan paham kados pundi rupi lan solah bawa calon penganten estri.

### c. Lamaran

Sasampunipun sedayanipun cocok lajeng kaluarga penganten kakung nglamar kanthi mbeta piratos-piratos lan sarana awujud barang-barang kapreluanipun gesang

### d. Srah-srahan utawi Asok Tukon

Pihak calon penganten kakung masrahaken sarana-prasarana katuju ing kaluarga penganten putri awujud asiling bumi, alat rumah tangga, iwen, lan arta

### e. Pingitan

Ing jaman ruiyen bab menika kalampahi dening calon penganten putri nanging ing samangke bab menika sampun boten dipunlampahi. Jaman rumiyen pingitan ngantos dumugi 40 dinten. Saderengipun dinten nikah ing ngriku calon penganten putri boten kening kesah saking griya lan boten kening pinanggih kaliyan calon garwanipun. Ing wekdal menika calon penganten putri siam.

### f. Pasang Tarub

Ing ngriki kalih dinten saderengipun akad nikah wonten dalemipun calonm penganten putri kapasang tratak kanthi ndamel bleketepe inggih menika hiasan ingkang kadamel saking ron, pisang, tebu, lan kelapa

g. Siraman

Inggih menika calon penganten putri lan penganten kakung dipunsirami dening paraga-paraga kasepuhan ing kaluarganipun mawi toya pitung sumber dalah ubarampe sekar telon. Sasampunipun siramanan kalajengaken upacara ngerik. Ngerik inggih menika ngresiki wulu ing palaraban dalah pipi

h. Midodareni

Ing dalu sasampunipun upacara ngerik calon pinanganten putri dipunpaes mawi cengkorongan lajeng abusana kebaya.

i. Akag Nikah

Calon penganten kekalih dipunnikahaken ing ngajeng, pengulu kanthi seksi-seksi ingkang sampun wonten ing tata lampah

j. Upacara Panggih

Upacara menika biasanipun kawontenaken saderengipun resepsi penganten kanthi penganten kakung lan penganten putri dipunlenggahaken jejer ing patanen

k. Upacara tradhisi:

- 1) Balangan gantal utawi ambalang suruh antawisipun penganten kakung lan penganten putri
- 2) Wiji dadi  
Kanthi cara penganten putri mijiki suku penganten kakung, kalajengaken penganten kakung amidak tigan ayam kampung.
- 3) Sindur binayah  
Pasangan penganten mlampah ing wingkingipun bapakipun penganten putri, dene ibu peganten putri wonten ing sawingkingipun pinanganten.
- 4) Timbang lan tanem  
Bapak penganten putri mangku lajeng ngaturi penganten lenggah ing pelaminan sasampun dipunnyatakaken bilih kekalihipun imbang.



- 5) Tukar kalpika utawi tukar cincin
- 6) Kacar-Kucur utawi tanpa kaya  
Penganten putri nadhah uwos ingkang dipunlebetaken ing kantong saking penganten kakung.
- 7) Dhahar kembul  
Penganten kekalih ndulang sekul antawis setunggal kaliyan satunggalipun
- 8) Mertui  
Bapak lan ibu penganten kakung rawuh lajeng dipunpapag dening tiyang sepuhipun penganten putri lajeng kaaturan lenggah
- 9) Sungkeman
- 10) Ngundhuh Mantu  
Sasampunipun sepasar saking akad nikah pinanganten lajeng wangsul dhateng griyanipun tiyang sepuh penganten kakung. Ing ngriku biasanipun lajeng dipunwontenaken selamatan

Upacara adat menika nedahaken kados pundi tiyang Jawi gesang ing keragatipun awit saking wontenipun kabetahan sosial ingkang mekaten pramila sistem kekarabatan kedah dipunjagi amargi menawi boten pasedherekan antawisipun kaluarga saged boten sae. Ing upacara pawiwahan kalawau nedahaken simbol-simbol gesang ingkang tndonipun supados saged gesang ingkang sekeca tulung-tinulung gotong royong.

## 2. Cara Kangge Nyekapi Kabetahan Gesang

Wiwitanipun manungsa nyekapi kabetahan gesangipun njumbuhaken kaliyan kondisi alam ingkang wonten. Ing nalika Indonesia tasih ing fase masa agraris dados, pendhudhukipun kathah ingkang tani. Profesi tani dipunginakaken kangge sebatan profesi, kangge jaman samenika ing pundi minangka tani menika dipuntuntut supados saged ngnginakaken pirantos-pirantos modern, nggginakaken pupuk lan insektisida supados boten dipunpangan ama. Mekaten ugi tani professional bedhe studi pasar sacara teras meneras. Nalika regi Lombok mandhap

drastic, daos piyambakipun badhe ndeversifikasi lahan supados enggal dipuntanmi taneman sanes.

Ing jaman rumiyen tiyang enika tani margi kangge nyekapi kabetahan gesangipun. Kangge nedha, pendhudhuk mbetahaken pari lan sayuran. Dados dipunbetahaken pirantos pertanian umpami cangkul kangge nggarap sawah, ugi dipunbetahaken kawigatosan ingkang teras meneras dhateng tanamanipun, saengga saben dinten pendhudhuk kedah dhateng sawah kangge nyekapi kabetahan gesangipun. Dados petani inggih menika perilaku pendhudhuk kangge nyekapi kabetahan gesangipun ingkang tasih ing fase agraris. Ing jaman samenika masarakat sampun saged milih kangge milih aktifitas berpola kanthi cara dados tani utawi ternak, dagang utawi pegawe.

Padamelan dados ternak kathahipun inggih padamelan satunggaling tani. Ing nalika slonggar tani padi malihara ungags utawi ternak kangge nambah pangasilan. Ulan tnak sacara professional ingkang dipunlampahi kanthi mandhiri, naming dipunlampahi dening tiyang-tiyang tartamtu ingkang sampun modern. Kados umpaminipun ternak ayam lehor, ternakgemak, ternak ayam petelur, sapi, babi utawi menda. Bab menika dipunsebabaken denig rentanipun ternak dhateng penyakit ingkang saged nyebabaken mati saengga dados karugian ingkang ageng.

Kathah lahan sawah, dados aktifotas berpola pendhudhuk inggih menika minangka tani, dados menawi pendhudhuk kendhel ing pinggir pantai, tamtu upayanipun jumbuhaken kaliyan lahanipun. Saengga profesi ingkang dipunpilih kathahipun pendhudhuk pantai inggih menika nelayan.

Aktifitas berpola dagang ingkang dipunlampahi dening tiyang ingkang dagang. Para pedagang anggenipun ngkampahi padamelanipun biasanipun inggih wontenipun katurunan dagang. Dipunbetahaken kaahlian tartamtu ing sadean, kauletan lan jiwa ingkang ageng. Bab menika ketingal ing pola dagang ing peken, ingkang sami-sami satunggal deret sadean sayur, ananging pamundhut langkung milih ing satunggali pedagang mawon kangge mundhut lan pedagang sanesipun boten payu.

Ing antawisipun menika salajenipun tuwuh pola-pola tartamtu ingkang salajengipun sampun telas dados dagangan ingkang dagang tetangganipun badhe dipunpasang lan dipunjajakan ing papan sadean piyambakipun.

Ing pagesangan global samenika, langkung kathah masarakat nglampahi aktifitas berpola kanthi padamelan dados pegawai, inggih pegawai negeri lan ugi pegawai swasta, ingkang nedahaken ing maneka profesi tuladhanipun guru, dosen, konsultan, panasehat ukum, akuntan, banker, arsitek, kontraktor, dokter, perawat, bidan, lansalajengipun. Ing antawisipun menika tuwuh profesi dados ahli kecantikan, stylist, parancang busana, kapster, event organizer, marketing, koki, perias pengantin, penjahit, lan sapanunggalanipun.

Padamelan dados tukang cukur rambut, panggembala sapi, maesa, lan menda, tukang pasa pangur, juru supit, sampun boten langkung kathah, khususipuning kutha-kutha ageng. Bab menika dipunsebabaken lahan sampun kathah idpungantos lahan ingkang modern. Kados umpami tukang cukur sampunkathah dipungantos dening salon ingkang ugi saingan mandhapaken regi. Menawi ing salon nyukur rambut tigangewu rupiah, sampun angsal papan ingkang ACnan lan ngangge dipunkramas kaliyan dipunpijet, nanging ing tukang cukur ingkang mbayar kalihewu rupiah, namung dipuncukur rambutipun mawon kanthi model bros.

Tukang pasa pangur, ing samenika sampun awis-awis sanget, bab menika dipunsebabaken dhokter gigi sampun wonten ing sedaya pelosok inggih wonten praktek mandhiri, lan ugi praktek ing puskesmas. Bong supit, ing kampong lan desa tasih kathah, nanging ing kutha ageng sampun boten patiya kathah. Bab menika dipunsebabaken dening langkung katahipun dhokter ingkang nyupit. Masarakat kathah ngginakaken jasa dhokter dados amargi langkung resik, boten badhe infekso, lan dipunkontrol dening dhokter, saengga resiko abses dangu badhe langkung alit.

Wontenipun aktifitas berpola manungsa ingkang nedahaken perilaku-perilaku manungsa tumrap panyekapan kabetahan ing wilayah

Kursus kasebat fungsipun minangka tambahan tumrap pendhidhikan formal saengga masarakat langkung enggal saged nyambut damel. Bidang ingkang biasanipun kathah dipunginakaken kangge mbikak kursus umpaminipun komputer, kecantikan, MC, akuntansi, basa inggih basa Inggris, lan ugi basa asing ingkang sanes, bimbingan sinau mlebet perguruan tinggi, modelling. Tumrap siswa inggih pendhidhikan dhasar lan ugi menengah, kasediakaken kursus-kursus mata pelajaran ing pundi pamucal siaga rawuh wonten griya.

Kangge kepentingan donya pandhidhikan, sosok ingkang wigati inggih menika guru. Ing jaman rumiyen guru inggih menika tiyang ingkang gadhah kawicaksanan, ilmu olah batin ingkang inggil lan katrampilan serta psikologi. Guru ing tradhisi sufi ketingal peran dominan, lan ugi ketingal wonten gayutanipun guru kaliyan murid ingkang nglebet sanget. Hubungan ingkang asmi ugi ketingaling hubungan guru kaliyan murid ing pesantren, seminari dumugi padepokan silat lan tenaga dalem. Sosok guru ing pawiyatan Taman Kanak-kanak lan SD dominan sanget. Kangge nedahaken kiatipun peran kasebat, nalika salah satunggalipun Taman Kanak-Kanak ingkang paling kathah ing Ngayogyakarta ngawontenaken perpilann lan nyuwun lare-lare kangge nyerataken kesan lan gegayuhanipun, paling kathah ingkang dipunserat dening siswa pengen dados guru umpami guru kelas. Dados boten heran menawi pangandikanpun guru kadang langkung dipungatosaken siswanipun tinimbang pangandikan tiyang sepuhipun. Perkawis-perkawis pendhidhikan saking rumiyen dumugi samenika tansah mawon dipunngendikakane kanthi rame. Ing masa jayanipun Keraton Surakarta, raja nggatosaken sanget pendhidhikan masarakat. Salajengipun raja ngutus pujangga lan panganggit keratin kangge nyerat rambu-rambu pendhidhikan. Wonten ing karya sastra Jawi, karya-karya kasebat kalebet genre piwulang utawi niti. Wondene serat-serat kasebat umpaminipun Nitisastra, Nitimani, Wulang Sunu, Wulang Putra, Wulang Putri, Serat Sewaka, lan salajengipun.

#### 4. Cara kangge nyekapaken Kabetahan Ilmiah

Cara-cara kangge nyekapaken kabetahan ilmiah ingkang dipunkersakaken, perilaku ingkang kagayut kanthi upaya manungsa kangge nglampahi bab-bab anggen nggampilaken sinau. Ngaji lan ngembangaken menapa ingkang asifat ilmiah. Wonten ing pagesangan manungsa modern kangge ngatasi pengkajian keilmuan lan madosi solusi awit mapinten perkawis dipunwontenaken panaliten lan pengkajian. Kangge naliti lan ngaji kasebat dipunbethaken metode lan pendekatan. Ing pangembangan salajengipun langkung katah jenis metode panaliten ingkang jumbuh kaliyan ilmu ingkang dipunkaji. Ing disiplin ilmu sosial ilmu pesthi metode ingkang dipunginakaken ugi beda.

Ing jaman rumiyen ilmu pengetahuan ingkang dipuncitakaken dening nenek moyang ingkang samenika asring dipuntepang minangka kearifan lokal sejatosipun ugi sampun kanthi pengkajian lan panaliten. Uji validitas lan reliabilitas sejatosipun ugi sampun kalampahan, ananingbab menika boten dipundokumentasikaken. Kados sampun dipunmangertosi bilih kearifan local inggih menika ilmu pengetahuan ngengingi alam lan sekitarpun ingkang dipunciptakaken dening nenek moyang ingkang salajengipun dipunwarisaken sacara turun-tinurun dhateng pewarisipun.

Tahap pengkajian fenomena dipunlampahi teras-meneras, kados nalika badhe nemtokaken ngengingi pranata mangsa.nenek moyang rumiyen sampun nglampahi studi tumrap fenomena alam, kapan nalika musim sampun dipunwiwiti ing musim jawah, dados sipunwiwiti kathi mapinten wulan saderengipun sampun dipun wiwiti kanthi wuninipun petir, salajengipun ungags wiwit ngendhog, salajengipun dipunsusul kanthi hawa asrep menapa malih ing enjing-enjing.

Pengkajian kasebat dipunlampahi sacara teras-meneras, ingkang salajengipun dipuntriangulasi malih nalika wulan salajengipun saking pengkajian lan panaliten kasebat dipunpendhet dhudhutan wontenipun pola ingka pesthi ingkang dipunginakaken kangge kapentingan tetanen.

Salah satunggaling tuladha wujud earifan local ingkang ngginakaken panggalihan ilmiah nenek moyang inggih ngengingi pranata mangsa. Ing satuggal tahun dipuntepang 12 mangsa, dening nenek moyang mangsa-mangsa kasebat saged dipunsajarakaken kanthi etangan tahun Masehi. Wulan Masehi 1 dumugi 6, dipuntambah 6 badhe dados mangsanipun. Wulan Masehi 7 dumugi 12 dipunkirangi 6 dados mangsanipun. Wondene pranata mangsa saged dipunsebataken ing ngandhap menika.

Wulan Masehi Januari utawi wulan 1 mangsanipun mangsa 7

Wulan Masehi Februari utawi wulan 2 mangsanipun mangsa 8

Wulan Masehi Maret utawi wulan 3 mangsanipun mangsa 9

Wulan Masehi April utawi wulan 4 mangsanipun mangsa 10

Wulan Masehi Mei utawi wulan 5 mangsanipun mangsa 11

Wulan Masehi Juni utawi wulan 6 mangsanipun mangsa 12

Wulan Masehi Juli utawi wulan 7 mangsanipun mangsa 1

Wulan Masehi Agustus utawi wulan 8 mangsanipun mangsa 2

Wulan Masehi September utawi wulan 9 mangsanipun mangsa 3

Wulan Masehi Oktober utawi wulan 10 mangsanipun mangsa 4

Wulan Masehi Nopember utawi wulan 11 mangsanipun mangsa 5

Wulan Masehi Desember utawi wulan 12 mangsanipun mangsa 6

Mangsa 1 dipunsebat mangsa kasa mawi candra sotya murca saking embanan. Tegesipun ron-ron saking wit-witan ngalami masa gugur. Sotya dipunibarataken minangka ron ananging embanan inggih witipun.

Mangsa 2 dipunsebat mangsa karo kaliyan candra bantala rangka. Ing mangsa kasebat siti katingal ngrekah amargi benteripun. Siti dipunibarataken minnangka bantala menawi tembung rangka utawi rekah.

Mangsa 3 dipunsebat mangsa katiga mawi candra suta ndherek ing bapa. Tegesipun ing mangsa kasebat pohon gadhung utawi pohon umbi ingkang

mrambat wiwit tuwuh pucuk ronipun kangge mrambat. Wit ingkang mrambat dipunumpamikaken minangka suta, menawi papan kangge mrambatipun minangka bapa.

Mangsa 4 dipunsebat mangsa kapat mawi candra waspa kumbeng jroning kalbu. Tegesipun ing mangsa kasebat kathah sumber toya ingkang boten ngedalaken toya. Sumber toya dipunumpamikaken minangka waspa, menawi kumbeng jroning kalbu umpami kados kangge toya ingkang boten saged medal.

Mangsa 5 dipunsebat mangsa kalmia mawi candra pancuran mas sumawur ing jagad. Tegesipun ing mangsa kasebat sampun wiwit jawah. Petani sampun wiwit nggarap saben. Toya jawahipun dipunumpamikaken minangka pancuran mas, sumawur inggih dipunumpamikaken kangge toya ingkang mandhap.

Mangsa 6 dipunsebat mangsa kanem mawi candra raos mulya kasucian. Tegesipun kathah buah-buahan ingkang mateng, raosipun eca sanget. Raos mulya inggih umpami kangge raos buah-buahan ingkang eca kasebat, kasucaian inggih umpami kangge buah-buahan ingkang mateng.

Mangsa 7 dipunsebat mangsa kapitu mawi candra wisa kentar ing marta. Tegesipun kathah penyakit nular ingkang ngginakaken sarana angina. Wisa umpaminipun kangge penyakit, menawi kentar ing maruta dipuntegesi nular kanthi sarana angina.

Mangsa 8 dipunsebat mangsa kawolu mawi candra anjrah jroning kayun. Tegesipun mangsa kucing gandhik utawi kucing birahi. Candra umpami kucing, ananging anjrah jroning kayun inggih menika ngicalaken karsa utawi birahi.

Mangsa 9 dipunsebat mangsa kasanga mawi candra wedharing wacana mulya. Tegesipun garengpung muni. Wedharng tegesipun amuni, menawi wacana mulya umpami saking garengpung.

Mangsa 10 dipunsebat mangsa kasadasa, dipunsebat mawi candra gedhong minep jroning kayun. Tegesipun kathah ewan ngandhut, manuk nigan. Gedhong inggih menika umpami saking kawontenan ingkang nembe meteng utawi nigan.

Mangsa 11 dipunsebat mangsa kasewelas utawi dhestha, dipunsebat mawi candra tirta sah saking sasana. Tegesipun boten wonten tiyang ingkang ngriwe, dipunsebabaken nalika menika sampun kalebet mangsa bedhidhing utawi musim asrep. Tirta umpami saking riwe, sasana umpami saking badan.

##### 5. Cara nyekapi Kabetahan Raos Kaendahan

Kaendahan inggih menika salah satunggaling manungsa. Cara kangge nyiptakaken kaendahan kasebat dpunwastani minangka kabudayan. Tembung endah gadhah teges ingkang sami kaliyan bagus, ayu, permai, molek, lan sapanunggilipun. Kangge nyebat satunggaling kaendahan prelu kasepakatan ingkang universal. Menapa mekaten, amargi kaendahan gayut kaliyan raos saengga asifat subyektif, gayut kaliyan karemenan piyambak-piyambak. Ing lapangan saged kemawon kadadosan ingkang dening tiyang sanes dipunwastani endah, ayu dening tiyang sanes boten tamtu dipunsebat minangka endah lan ayu. Bab menika amargi piyambak-piyambak tiyang gadhah raos piyambak ingkang tundhonipun ing kaemenan piyambak-piyambak.



Dados dipunbetahaken criteria universal kangge ngandharaken kaendahan kasebat. Criteria ingkang saged dipuntampi inggih menika satunggaling dipunwastani endah menawi wonten kaseimbangan lan kasarasian. Kaseimbangan ingkang dipunkersakaken, umpaminipun



satunggaling wanita ingkang dipunsebat ayu tamtu sanes wanita ingkang talinganipun ageng, mekaten ugi lukisan ingkang endah tamtu wonten kaseimbangan lan kaserasian bentuk, warni, lan eksosiasi.

Ing karya sastra, kangge nedahaken karya sastra ingkang ingkang sae inggih menika karya sastra ingkang gadhah kaseimbangan struktur, amargi seimbang sanget dados struktripun asring dipunsebat minangka struktur ingkang padhu. Struktur ingkang dipunkersakaken inggih menika irah-irahan, tokohpanokohan, alur, setting, sudut pandang, tema, lan motif.

Wontenipun kabetahan manungsa kangge nyekapi kabetahan raos kaendahan kasebat tuwuh maneka wujud kasenian. Seni ingkang dipunkajengaken inggih seni mbangun griya dumugi kesenian tradhisional lan modern, seni busana, seni nggawe ayuning pasuryan lan rikma, seni rupa lan kerajinan, lan sapanunggilipun.

Ing seni bangunan griya Jawi dipuntingali saking gaya lan modelipun saged kabadakaken ing mapinten nama kados panggang pe, kampong, limas an, joglo lan tajug. Perkembangan saben gaya kasebat didherekaken mawi istilah-istilah sanes. Minangka tuladha istilah omah kampong. Bangunan omah kampong ngadheg ing watu landhesan (umpak) lan ngadheg ing tiang, kanthi langit-langit dhatar ingkang miring ing kalhipun arah. Bentuk griya kampong menika dipundherek kaliyan bentuk-bentuk sanes ugi mawi istilah-istilah sanes, tuladhanipun (a) kampong pacul gowang, (b) kampong srotongan, (c) kampong dara gepak, (d) kampong klabang nyander, (e) kampong lambing teplok, (f) kampong lambing teplok semar tinandhu, (g) kampong gajah njerum, (h) kampong cere gancet, (i) kampong semar pinondhong (Soekiman, 1986: 9). Bentuk arsitek griya Jawi kasebat ndherek kaidah estetik Jawi ingkang tuwuh saking warni local ingkang wonen sarta fungsi ingkang ndherek.

Seni arsitektur Bali dipunwujudaken awit dhasar filsafat agami Hindhu. Wonten mapinten sastra agami Hindhu ngandhut pathokan pambangunan griya-griya Bali. Wondene sastra-sastra kasebat inggih menika:

- a. Hastakosala, wosipun ngengingi metrik bangunan suci (pelinggih) kalebet metrik ngengingi wadah, pepaga, badhe, lan bukur.
- b. Hastakosali, wosipun ngengingi metric bangunan kangge pawongan
- c. Hastabumi, wosipun ngengingi katamtuan papan pekarangan lan tata papan bangunan ing pakarangan.
- d. Jamantaka, wosipun ngengingi ngengingi klasifikasi kangge bangunan suci, lan kangge bangunan pawongan.
- e. Bhamakrih, wosipun ngengingi ngaruak pekarangan, mapanaken batu sepisan, wiwit mbangun lan ngupacarai.
- f. Swakarma, wosipun ngengingi katamtuan-katamtuan kangge undagi (arsitek) Bali.

Dewasa menika ing antawis tasih kajagi bangunan-bangunan tradhisional, arsitektur Bali angsal pengaruh saking arsitektur modern. Bab menika dipunsebabaken dening pengaruh wisatawan ingkang nuweni dhateng Bali kalebet penjajah Walanda rumiyen. Samenika dipunpanggihi mapinten jenis arsitektur kados mekaten:

- 1) Arsitektur tradhisional murni, inggih bangunan tradhisional kados griya adat lan bangunan pura ingkang taksih sacara murni ngginakaken aturan kosala lan sapanunggilipun. Tuladha arsitektur menika inggih menika, Pura Kiduling Kreteg Bekasih, Pura Jagatnata ing Denpasar, lan bngunan-bangunan sanesipun.
  - 2) Arsitektur tradhisional semu, inggih menika arsitektur lami ingkang badhe nampi arsitektur modern sengga pawujudanipun minangka elektisme ing abad rumiyen. Kasilipun antawisipun Mess Pertamina ing Tanjungbungkak lan Bali Sea Slide Cottages ing Sanur.
  - 3) Arsitektur non tradhisi, inggih arsitektur modern ingkang boten dipunsadhari asta bhumi, astakosala, lan peraturan tradhisional sanesipun. Kasilipun antawisipun, Bank Indonesia, Hotel Bali Beach, Main Building Airt Port Ngurah Rai (Bandem, 1986: 320-321)
- Ing masarakat kesenian inggih kesenian tradhisi ingkang nedahaken ing kesenian rakyat lan kesenian modern kathah sanget gunggungipun.

Pigeaud kasil nerbitaken satunggaling buku saking survey marang seni pagelaran rakyat Jawi. Buku kasebat mawi irah-irahan Javanese Volksvertoningen. Buku kasebat maringi gambaran ingkang jangkep ngengingi bentuk seni pagelaran rakyat ingkang ngrembaka seputar tahun 1930-an ing Jawa Tengah lan DIY, Jawa Timur, Madura, lan Jawa Barat. Gayut kaliyan bentuk-bentuk seni pagelaran rakyat Jawa Tengah sacara garis ageng saged dipunkelompokaken dados 7, inggih menika:

- 1) Drama tari topeng (wayang topeng),
- 2) Pagelaran topeng makhluk ngajrihaken,
- 3) Jaran kepang
- 4) Tari lan nglagokaken ingkang temanipun agami Islam
- 5) Ringgit purwa
- 6) Resitasi wiracarita
- 7) Taledhek (soedarsono, 1986: 85)

Perkembangan seni lukis dewasa menika enggal sanget. Beb menika saged katingal saking kathahipun sanggar-sanggar lukis, lan asringipun acara lomba lukis diwontenaken ing skala ageng, tegesipun dipundhereki dening peserta kaliyan gunggung ingkang kathah sanget. Ing satunggal sisi perkembangan seni lukis ingkang mekaten kasebat ngembirakaken sanget, ananging ing sisi sanes kadadosan panyeragaman ides aha kreatifitas, ing pundi amargi kathah lare-lare ingkang sampun kaprogram kangge nggambar tiyang mawi teknik kados ingkang dipunparingaken dening guru sanggaripun, dados menika badhe nuangaken ing lukisan bentuk-bentuk manungsa, burung, taneman, griya, lan sapanunggilipun kados ingkang dipuntuladhakaken kaliyan guru sanggar. Mekaten ugi ing bab pawarnian, pola ingkang mirip antawis siwa satunggal kaliyan siswa satunggalipun. Ananging mekaten sedayanipun kangge nggayuh kaendahan ingkang dipungarisaken.

Seni Lukis Bali saged dipunbedakaken saking seni lukis sanesipun ing Indonesia, inggih menika adhedhasar saking teknik nglukis lan konsep pelukis tumrap nilai-nilai pagesangan masarakat Bali.

Teknik ingkang dipunginakaken dening pelukis Bali tasih tradhisional inggih kanthi cara ngorten, ndamel sket ngengingi obyek ingkang dipunlukis lan pirantos-pirantos ingkang dipunginakaken sadherhana sanget, kados kuas saking lidi utawi bamboo. Bahan-bahan dipundamel piyambak ngginakaken bahan kados pere, ginu, lan warni-warni ingkang dipundamel saking balung.

Konsep para pelukis tumrap pagesangan masarakat Bali taksih nyepeng wontenipun dualism, sae lan awon. Konsep menika dipunwujudaken wonten ing tema-tema ingkang dipunpendhet saking wiracarita Mahabarata lan Ramayana.

Adhedhasar paningalan ngengingi teknik lan konsep nilai ing nginggil, dadas seni lukis Bali taksih ngrembaka dumugi samenika inggih menika Seni Lukis Kamasan, Seni Lukis Ubud, Seni Lukis Batuan, Seni Lukis Young, Artis (Penesten), Seni Lukis, Pengosekan, Seni Lukis Karambitan, lan Seni Lukis gaya I Gusti Nyoman Lempad (Bandem, 1986: 318-319).

#### **6. Cara kangge Nyekapi Kabetahan Gayutan kaliyan Gusti Inggang Maha Kuwaos**

Kangge nyekapi kabetahan gesang ing rangka nyekapi kabetahan manungsa ing aktifitas religiusipun dados saben agami nyiptakaken papan kangge ibadah, kados umpaminipun masjid, gereja, pure, vihara, klentheng, lan sapanunggilipun.

Ing antawisipun mekaten kangge nyekapi kabetahan kasebat manungsa salajengipun nyiptakaken buku-buku pitedhah pamahaman agami, serta ndamel pakempalan-pakempalan ingkang wosipun ngengingi tindak tanduk ingkang kedah dipunlampahi manungsa ing donya, ugi menapa supados manungsa saged raket rumaket dhumateng Gusti.

Ing sejarahipun kasastran Jawi ketingal bilih kangge nyekapi kabetahan religious, saengga para wali nurunaken ajaranipun mlebet budaya Jawi. Dados budaya tetep ngginakaken budaya Jawi lan ajaranipun inggih menika ajaran Islam. Bab menika saged dipuntampi masarakat kanthi sae sanget. Buku-buku ingkang dipunkajengaken umpaminipun maneka irah-irahan karya sastra suluk, kados umpaminipun Suluk Wujl, Suluk Sekh Malaya, Suluk Malang Sumirang, Suluk Seh Siti Jenar, Suluk Residriya, lan sapanunggilipun. Ugi ing pangembanganipun wonten karya sastra suluk ingkang wosipun ajaran agami Nasrani, inggih Suluk Siti Samariah.

Ing antawis jenis karya sastra suluk, ing khasanah sastra Jawi wonten jenis karya primbon lan wirid. Katiga jenis karya sastra kasebat dening Simuh (1988:3) dipunsebat minangka kapustakan Islam Kejawen. Karya sastra suluk lan wirid gayut kaliyan ajaran tasawuf, utawi asring dipunsebat ajaran mistik Islam. Karya sastra primbon ngringkes mapinten ajaran ingkang ngrembaka ing tradhisi Jawi, kados ngelmu petung, ramalan, guna-guna, serta ngemot ajaran Islam (Widyastuti, 2001: 2).

Karya suluk, wirid lan primbon purwakanipun dipunkasilaken ing daerah pesisir pantai ler Jawi minangka daerah pusat panyebaran agami Islam ing Jawi. Karya-karya kasebat asring dipunsebat minangka karya pesisiran. Salajengipun ing abad XVII karya sastra suluk dados jenis kasusastran ingkang wigati ing Kasultanan Cirebon. Ing abad XVII dumugi awal XIX, sastra suluk mlebet khasanah sastra ing kraton Kartasura lan Surakarta (pigeaud, 1967: 2-7). Parkembangan salajengipun sastra suluk tuwuh lan ngrembaka kanthi subur kairing kemajengan jaman agami Islam ing Jawi.

#### **7. Cara nyekapi kabetahan Gesang Angelompok sacara Ageng**

Kangge nyekapi kabetahan gesang angelompok sacara ageng manungsa salajengipun dhapuk organissi sosial. Organisasi sosial kalebet pranata-pranata ingkang nemtokaken kalenggahan kakung lan estri ing

masarakat, lan kanthi mekaten nyaluraken gayutan pribadhi piyambakipun. Kategori menika ing umumipun dipunbagi malih wonten kalih jenis utawi tingkat pranata-pranata, inggih pranata ingkang tuwuh saking gayutan kekerabatan lan pranata ingkang minangka kasil saking ikatan antawis satunggal tiyang adhedhasar karsanipun piyambak. Struktur-struktur kekerabatan nggih kaluarga lan bentuk kelompok ingkang minangka pawiyaran kaluarga kados suku utawi klen. Iketan ing antawis tiyang ingkang sanes kerabat nglahiraken kathah warni bentuk pangelompokan wiwit saking pasedherekan satunggal ludira lan kekancan ingkang dipunlembagakakn dumugi mapinten warni pakempalan wados lan boten wados (Ihromi, 1996: 82).

Wonten sedaya masarakat manungsa, pria lan wanita ndhapuk iketan-iketan lan ngedhegaken kelompok-kelompok ingkang langkung saking hubungan kekerabatan. Papan ingkang sami celak mbok bih minangka dhasar sepisan kangge bab menika, kapentingan sesarengan inggih alas an ingkang sanes, kamahiran utawi katrampilan ingkang sami, alesan katiga lan panampilan kalenggahan mawi criteria ingkang eksklusif inggih alesan kasekawan.

Ing pagesangan masarakat ing Indonesia menika, organisasi social kawadahan wonten Lembaga Swadaya Masarakat ingkang salajengipun angsal dana operasional saking lembaga-lembaga bonafide saking lebet lan jawi negeri. Organisasi social kasebat biasanipun kagerak ing bidang pangentasan kemiskinan, pandampingan nasarakat, pendampingan wanita, pandampingan anak dalanan, pandampingan budaya. Organisasi politik dados jembatan para panguawos kangge nggayuh gegayuhan politikipun. Partai-partai kasebat kadhapuk saking embrio organisasi agami lan masarakat. Partai Nahdatul Ulama lan PAN ngrembaka saking embrio Islam menawi Partai Demokrasi Indonesia ngrembaka saking kelompok masarakat nasionalis. Organisasi-organisasi social kasebat ngrembaka kanthi pesat sasampun dipunpapanaken dhasar anggaran dhasar lan anggaran rumah

tangga. Mapinten peraturan salajengipun dipunlanken kangge ngatur roda organisasi kasebat.

#### 8. Cara kangge Nyekapi Kabetahan Kabagaswarasan Jasmani

Cara kangge nyekapi kabetahan jasmani dipunlampahi kanthi aktifitas-aktifitas kados tuladhanipun olahraga. Kangge madhahaken bakat serta karsa tiyang nyekapi kasarasan jasmanipun dados manungsa ndamel cabang olahraga kados tuladhanipun atletik, sepak bola, basket, volley, terjun payung, arum jeram, lan sapanungilipun.

Ing jaman samenika pakempalan olahraga sampun kathah khususipun ing kutha-kutha. Olahraga sampun celak kaliyan industri. Dados, kangge fasilitas kabugaran sampun kasebar ing pundi-pundi mawi fasilitas ingkang sami saingan. Maneka wujud senam dipunsamektakaken kaliyan pirantos kangge olahraga.

Ing antawisipun menika upaya njagi kasarasan jasmani manungsa kawadahan kanthi kathahipun klinik, griya sakit, lan balai pangobatan. Mekaten ugi obat kasebar kanthi variatif. Obat kasamektaaken saking awis dumugi obat ingkang mirah, inggih obat ingkang reginipun ing ngandhapipun obat generic. Ing antawisipun menika kangge jamu tradhisional ugi kasebar ing masarakat saking jamu Jawi, Madura, Banyumas, Kalimantan, China, lan ugi vitamin arupi tetedhan tambahan ingkang dipunproduksi wonten lebet negeri, China, Korea, Amerika, Malaysia, Jepang, lan ugi negari-negari sanes ingkang reginipun variatif saking ingkang awis sanget dumugi ingkang biasa.

Ing jaman rumiyen tradhisi masarakat kangge njagi kasarasan saged dipuntingali saking seratan-seratan ingkang wonten ing naskah. Kados ingkang wonten ing Serat Centhini. Dipunsebataken bilih kangge njagi kasarasan dipunajab tiyang supados boten nedha jeroan, kados ati, empela, jantung usus daging lembu, amargi badhe kagangge kasarasanipun. Wonten ing Serat Centhini kasebat kajumbuhaken kaliyan kasil panaliten masarakat modern ing pundi kelompok jeroan kasebat baya sanget tumrap kasarasan

khususipun tiyang ingkang sampun yuswa langkung 40 tahun. Hal menika dipunsebabaken dening kandungan lemak lan kolestrol awon ingkang wonten ing jeroan kasebat.

Mekaten ugi ing Serat Centhini dipunsebataken bilih satunggaling lare boten sae menawi nedha brutu, utawi bagian ekor saking ayam. Sasampunipun dipunteliti sejatosipun brutu inggih bagean daging ayam ingkang kathah ngandhut lemak jenuh, saengga boten sae kangge kasarasan manungsa.

Salajengipun dipunsebataken wonten ing Serat Centhini bilih dhasaripun pola pangobatan mawi sistem jamu ing masarakat Jawi kanthi teknik ngunjuk, boreh, blonyo, pupuk, lan pilis.

Ing ramuan-ramuan kangge penyakit-penyakit tartamtu jamu dipuncampur toya lan dipununjuk mawi aturan kaping satunggal saben dinten, kaping kalih utawi kaping tiga. Memboreh inggih menika mborehaken ramuan, utawi bedak ing badan. Bab menika biasanipun kangge ibu-ibu sasampunipun nglairaken. Blonyo, biasanipun arupi ramuan utawi minyak ingkang dipunborehaken ing sabadan kangge maringi efek kangetan. Pengobatan menika biasanipun dipunginakaken kangge lare alit ingkang sakit demam, utawi masuk angin. Salajengipun teknik pupuk dipunginakaken ing ramuan ron-ronipun dipuncampur umbi lan ramuan tartamtu ingkang salajengipun dipuntempelaken ing embun-embun lare alit kangge mandhapaken benteripun badan. Pilis inggih menika ramuan ron-ronan ingkang dipilisaken alus diparingi toya salajengipun dipuntempelaken ing pelipis. Pilis biasanipun dipunginakaken kangge najemaken netra, utawi ngresiki getih pethak ingkang ngganggu paningalan ibu ingkang bibar nglairaken.

Ing antawis gunggungipun ramuan jamu kathah ingkang sampun populer sanget ing masarakat, amargi dipunsade dening panyade jamu gendhongan. Jamu-jamu kasebat tuladhanipun kunir asem, ub-uyub, beras kencur, galian singset, galian putri, lan sapanunggilipun. Perilaku masarakat tumrap kasarasan ugi ketinggal ing upaya kangge nanem taneman obat ing ngajeng



griyanipun, saengga kabetahan ingkang gayut mawi upaya pangobatan penyakit pusing demam, lan mencret, saged dipuntambani mawi ramuan piyambak, perkawsi menika khususipun wonen ing masarakat padesan.

Ing masarakat kutha sampun kathah kasedia obat kangge ngobati penyakit-penyakit entheng masarakat, tuladhanipun kangge pusing, demam, diare, kulit, lan sapanunggilipun. Obat-obatan kasebut mirah sanget lan gampil dipunpikantuk ing warung-warung ingkang celak.

#### **D. Kasil Karya**

Kasil karya manungsa ingkang minangka wujud budaya dipunbedakaken kasil karya manungsa ingkang asifat lami. Kasil karya manungsa ingkang asifat lami lan sampun dados sejarah dipunsebat minangka artefak. Ing antawis menika wonten karya manungsa ingkang tasih dereng lami lan ingkang asifat modern.

### **1. Artefak**

#### **1.1 Candi**

Wonten kathah sanget artefak arupi Candi ingkang kasebar ing Jawi. Salah satunggaling artefak kasebat ing antawisipun inggih menika, Candi Prambanan. Miturut cariyos, pambangunan candhi Prambanan ing Ngayogyakarta ndherekaken 12 pakar, inggih pakar siti, pakar sejarah, pakar budaya, kamasarakatan, perhubungan, pakar filsafat, pakar agami, pakar banngunan, pakar watu, pakar pahat, pakar sastra, pakar ekonomi, pakar tata boga, lan pakar metafisika. Sedaya pakar kasebat asalipun saking India. Para pakar kasebat ugi ngraos gumun kaliyan kamampuan pendhudhuk pribumi anggenipun nampi arahan lan ngrampungaken kanthi enggal pambangunan candi kasebut (Suryadi, 2001: 18).

Artefak ingkang sanes arupi candi ingkang misuwur sanget inggih menika Candi Borobudur. Kelompok ahli pambangunan candi Borobudur wonten tiga tiyang ahli ingkang ugi dipundhatengaken saking India. Candi Borobudur dipunwangun laminipun 75 tahun ing pamarintahan 2 raja lan 1 ratu. Alkisah

taman candi Borobudur inggih menika daerah aliran sungai Progo ingkang dipunginakaken kangge nyelemi sakiwa tengenipun candi Budha kasebat, saengga kangge nggayuh wonten mrika peziarah kedah nitih gethek. Dumugi samenika wonten dhusun ing sakilenipun Candi ingkang naminipun Sabrang Rowo, satunggaling indikasi wontenipun danau damelan ing wetanipun. Saking kainggilan badhe ketingal bilih rumiyen candi Borobudur wonten ing madya danau damelan kados sekar tanjung wonten madya kolam (Suryadi dalam Siagian 2002: 18)

Candi Mendut ingkang mapan ing desa Mendut, kecamatan Mungkid Kabupaten Magelang minangka reroncening salah satunggaling candi saking tiga rangkaian candi ing lebetipun prosesi kagamaan agami Budha, inggih menika candi Mendut, candi Pawon, lan Candi Borobudur. Mendut ateges, endah, asri, lan molek, saengga jumbuh kaliyan name candi candi ingkang gadhah padusn kaendahan antawis kesenian Hindu lan jaman Jawa Kuna, Candi ingkang ngadeg tahun 850 M dening raja sepisan dinasti Syailendra, inggih Raja Indra, dipunwangun sesarengan kanthi dipunwangun candi Borobudur. Miturut sejarah kinten-kinten tahun 1836 sedaya bangunan Candi Mendut dipunpanggihaken, kejawi bagean inggilipun ingkang dipunpanggihaken wonten kawontenan katimbun semak ingkang mbok bilih dipunsebabaken dening letusan Gunung Merapi utawi gempa bumi.

Sacara sedayanipun candi kasebat ningalaken profil candi Jawi Tengah, inggih menika bentuk genta setengah bunder, lan pelipit rata. Relief ingkang dipunpahataken ing pipi tangga nyariosaken ngengingi cariyos jataka, inggih menika cariyos satunggaling tiyang brahmana kaliyan bulus.

Candi Pawon ugi dipunsebat candi Brajanalan. Candi Pawon mapan ing dhusun Brajanalan, Desa Borobudur, kecamatan Borobudur, Kabupaten Magelang. Candi Pawon mapan ing celak candi Borobudur lan Mendut. Nama Pawon ateges dapur, ingkang dipunumpamikaken minangka fungsi candi wonten prosesi kagamaan ingkang wonten tiga rangkaian candi. Sasampunipun nglampahi Candi Mendut, ing candi Pawon menika para pangenut agami Budha kendel lan meditasi, ngresiki jiwa tumuju ing akhir inggih Candi Borobudur.

Candi Gunung Wukir mapan ing desa Ngluwar, kabupaten Muntilan. Kompleks percandian gunung Wukir inggih menika kelompok bangunan candi ingkang kaperang dados satunggal candi induk lan ing ngajengipun wonten tiga candi perwara. Kelompok candi wonten ing satunggal bagean ngajeng candi ingkang dipunkelilingi dening pager tembok ingkang kadamel saking bata. Ing kasekawan sudutipun lan pertengahan saben-saben sisi wonten lingga-lingga patok lan periuk-periuk alit saking siti ingkang fungsipun sami kaliyan candi-candi sudut lan kelir ing kompleks candi Prambanan.

Candi Ngawen mapan ing desa Ngawen, kalurahan Ngawen, Kecamatan Muntilan, Kabupaten Magelang. Candi menika minangka satunggaling kompleks candi ingkang kaperang dados gangsal candi, dipunsusun jajar saking ler dhateng kidul, saben jarak 4 m. sedaya. Sedaya bangunan ngadhep wonten arah timur. Profil candi Ngawen nedahaken profil klasik Jawi Tengah wonten bingkai sisi gena, bingkai setengah bunderan lan bingkai persegi. Reroncen ingkang nuwuhaken ciri khas candi Ngawen inggih menika wontenipun reca singa ingkang sirahipun dados sukuning candi (Siagian, 2002:245).

Kompleks candi gedong sanga mapan ing dhusun Darum kalurahan Candi, kecamatan Ambarawa, kabupaten Semarang. Kompleks candi wonten ing nginggil redi ingkang inggilipun antawis 1200 dumugi 1300 m saking lautan. Kompleks candi Gedong sanga kadadosan saking gangsal kelompok candi ingkang mencar. Kelompok candi satunggal, kalih, tiga, sekawan, lan gangsal, kadadosan saking satunggal candi dene kelompok tiga kadadosan saking tigang candi. Kompleks candi gedhong sanga kawangun ing abad 9 Masehi. Candi ing pegunungan Dieng minangka watesipun kalih kabupaten inggih menika Wonosoba lan Banjarnegara. Dieng minangka tlatah ingkang rumiyenipun awujud gunung, ingkang kagolong gunung *berapi*. Kompleks candi ing Dieng wonten ing desa Dieng, Kecamatan Batur, Kabupaten Banjarnegara. Candi kasebat minangka candi Hindu lan Siwaistis. Komplek camndi kaanggap minangka wwewangunan corak Hindu ingkang palih sepuh ing Indonesia. Candi kasebat kawangun abad 7 Mashi ngantos abad 13 Masehi ing Pamarintahanipun Dinasti Sailendra. Adhedhasar wujuding wewangunan nedahaken minangka

arsitektur, saking wangunan kajeng lan wangunan watu adhedhasar panaliten ingkang sampun kalampahi nedahaken bilih kompleks kasebat minangka papan pujan lan ugi papan kangge gesang manungsa. Bab kasebat amargi wontenipun wangunan kangge para pandhita, panjagi, lan para Kyai ingkang rawuh dados boten kangge lan minangka pralambang kekiyatan ratu kados dene wangunan candi ing tlatah Jawi Tengah. Nami Dieng saking tembung Hyang ingkang tegesipun papan palenggahan Dewa. Sedaya wangunan candi katujukaken kangge pujan dhumateng Dewa Siwa. Dene kelompok candi ing Dieng kadadosan saking Candi Dwarawati, Magersari, lan kelompok candi Arjuna, kelompok candi Gathotkaca (Siagian, 2002:63).

## 1.2 Artefak

Situs ugi ngandhut artefak ingkang nandhani wontenipun bebaya ing jaman rumiyen. Dene tuladha-tuladha situsing Jawi saged katiti wonten ing tuladha kados ing ngandhap menika:

### 1. situs larangan

Situs menika wonten ing dhusun larangan, kelurahan katakana, kecamatan Ngadireja, Kabupaten Temanggung Jawi Tengah. Dene reca-reca ingkang wonten ing situs kasebat inggih menika reca Ganesa nalika lenggah tanpa wonten asena.

### 2. situs Bangka

Situs menika kapanggihna ing Bangka, kelurahan Candi, kecamatan Kaparakan, Kabupaten Temanggung Jawi Tengah. Watu-watu candi katemokaken ing kawontenan kajepit wit ringin. Inggang kadadean saking fragmen arupi makara, balok watu, artefak, lan puncaking candi.

### 3. situs makukuhan

Situs menika wonten ing dhusun Makukuhan, kelurahan Kedu, kecamatan Kedu, kabupaten Temanggung. Lahan situs arupi bukit ingkang alit kanthi ukuran 60 m ing bagean sisih ngandhap bukit dipuntanemi bambu. Bukit menika kadadean saking gangsal undhak-undhakan. Ing saben undhak-undhakan kapapanaken sarean wonten ing tembok talut bangunan, kompleks ingkang kadadean saking

wangunan tembok bata lan watu-watu candi. Ing antawisipun wonten relief peksi kaka tua, watu-watu, candi ing sakathahipun candi kapasang njungkir utawi kuwalik.

#### 4. Artakina

Salah saunggaling wujud artakina inggih menika arta ingkang samangke kasebat cring. Arta cring ingkang sepisanan ing Indonesia minangka arta ingkang wonten ing abad 19 lan 10 ing Jawi. Arta kasebat dipuncart kanthi huruf ta ing aksara nagan. Bab menika nedahaken bilih arta cring menika arta resmi kangge mbayar pajek. Huruf ingkang sami kacithak ugi ing arta cring ngantos periode Kediri abad 12. Arta cring awujud perak ing Jawi Tengah beda wujudipun kaliyan arta cring mas. Arta cring ingkang emas awujud kubus kadamel kanthi sae lan alus mawi ukuran ingkang sami. Arta cring ingkang perak awujud bunder lan asring kasebat arta cring sekar cendana. Arta-arta cring menika wonten nalika abad 9 ngantosa abad 14. Hiasan sekar cendana ingkang kawangun wonten ing satunggal sisih perak batangan kina saking Jawi Tengah. Kanthi seratan ma ingkang minangka singkatan saking masa. Dene ing sisi sanesipun dipuncap kanthi rancangan fas. Arta cring dipundamel sepisanan ing Sumatra ing abad 11. Arta cring sekar cendana ingkang dipunpanggihaken ing Jawi kadamel saking emas lan swasa katemokake ing pinten-pinten situs abad 11.

### 2.1 Kasil budaya

Kasiling budaya kina ketingal saking alat-alat tradhisional. Alat-alat tradhisional inggih menika alat-alat kangge ndamel dhaharan, alat-alat kangge ngasta, alat-alat kangge obat-obtan, lan sapanunggilipun. Dene tuladha pirantos tradhisional umpaminipun luku utawi garu, kronjot tenggok kwali, dandang, tombong, ember, cacag, besek, ciduk, siwur, arit, gatul, kukutan utawi ani-ani, tenong, macag, gobang, wungkal, cuwing, rigen, kronjot.

**BAB IV**  
**APRESIASI BUDAYA**  
**UPACARA BUKAK LUWUR KYAI AGENG PANTARAN**

**A. Indikator Pawucalan**

Sasampunipun sinau materi bab apresiasi budaya upacara bukak luwur Kyai Ageng Pantaran, para mahasiswa saged:

1. Mahasiswa saged mahyakaken lan mahami unsur lan sifat budaya ingkang ketingal ing fenomena budaya massa.

**B. Upacara Bukak Luwur Kyai Ageng Pantaran**

Upacara tradhisi minangka salah satunggaling kagiyatan sosial ingkang nglibataken warga masarakat lan upaya sesarengan supados pikantuk selamat lan tentrem gesangipun. Upacara kasebat ugi gadhah urun kangge gesange manungsa amargi ngandhut norma-norma utawi aturan sarta nilai-nilai ingkang dumugi sapriki tasih kapitados dening masarakat.

Masarakat patuh ngawontenaken upacara tradhisi awit wontenipun sangsi menawi boten dipunleksanakaken wonten raos ajrih dhumateng ingkang Maha Kuwaos. Kanthi mekaten upacara kaanggep minangka pranata social ingkang lajeng nuwuhaken patuhing warga masarakat boten badhe masarakat nglanggar adat-istiadat. Bukak luwur kyai Ageng pantaran ing Boyolali tash lestantun ngantos sapriki. Kanthi upacara menika leluhur lan manungsa dongakaken semanten ugi manungsa kaliyan leluhur dongakaken mugni katampiya ing Allah SWT. Semanten ugi minangka upaya ing masarakat supados gesangipun slamet, pikantuk berkah, lan nikmat.

Upacara menika kalaksanaaken satahun sepisan. Upacara menika kawiwitan kanthi tirakatan satunggal dalu natas wonten makam Kyai Ageng. Masarakat sami rawuh ngresteni upacara menika. Sedaya sami ngasta sekar lan kemeyan. Puncak acara kalampahi sesarengan ing dinten Jum'atd. Upacara kabikak kanthi atur pangandikan Camat lan juru kunci makam. Salajengipun waosan cariyos singkat Kyai Ageng Pantaran lajeng sambutan saking Dinas Pariwisata. Acara salajengipun inggih tahlil masa lan dipunlajengaken arak-arakan

masal saking griya juru kunci makam tumuju makam kyai ageng pantaran. Cucuk lampahipun inggih Kyai saking paguyuban Rasa Sasmita dumugi ing makam, pramila Kyai kasebat ngaturaken luar ingkang badhe kabinakaken nggantos luwur makam lan pirantosipun katur bupati. Bupati lajeng ngaturaken luwur dhumateng panitia lajeng luwur tumuli dipungantos. Sasampunipun luwur kagantos dipunwontenaken kenduren ing latar makam Kyai Ageng. Dene ubarampe kangge kenduren inggih menika sekul uduk, ingkung ayam, lan lelawuhan katambahi jajan pasar. denen manpangat upacara tradhisi kangge masarakat inggih menika kangge ngemutaken supados manungsa gadhah sikep lan pribadhi ingkang sae sarta tansah nyuwun ing Allah SWT. Manpangat ingkang nomor kalih ngormati leluhur manpangat ingkang nomer tiga inggih menika fungsi sosial. Fungsi kasebat katingal saking rukuning warga kangge nggantos luwur sesarengan ing makam. Tahlilan sesarengan dalah arak-arakan. Sikep ingkang mekaten menika nedahaken bilih sesambetan masarakat

Makna ingkang saged kadhudhut ing upacara kalawau inggih menika masarakat desan Pantaran tasih dadosaken konsep harmoni ing sadinten-dintenipun. Saking upacara menika kagotong royongan saged dipunpupuk. Kanthi upacara menika mesthinipun tradhisi kedah dipundukung.

Saking upacara menika katingal bilih wujud budaya ingkang wonten arupi ide masarakat inng bab harmoni ingkang kedah kajagi ing masarakat. Ide maneka leres kaliyan tradhisi masarakat ingkang tansah kajagi awit kedah saestu saying kuyung kurmat kinormatan antawis manungsa kaliyan mannungsa dalah alam-panyengkuyung menika asring kasebut Hamemayu Hayuning Bawana. Kurmat kinormatan lan harmoni nuwuhaken slamet nir ing sambekala tunrap manungsa la nisi alam saha alamipun.

Dene saking ide menika tumuli tuwuh aktivitas berpola awujud upacara ingkang wonten. Upacara tradhisi menika kasengkuyung dening paraga, kawontenaken ing papan tartamtu, mila bukanipun kasengkuyung awit wontenipun mitos tartamtu. Upacara kagelar mawi rantaman lan proses ingkang cetha.

Artefak lan wujud asil budaya katingal ing situs awujud. Papan-papan ingkang kaanggep minangka papan upacara. Wujud asil budaya awujud sarana prasarana ingkang kaginakaken klebet sajen upacara.

Wontenipun manpangat tradhisi menika, pramila upacara menika tandha bilih budaya tradhisi taksih ngrembaka, supados tradhisi saged sempulur, pramila kedah dipun uri-uri lan dipunmaknani ing konteks budaya ingkang iuwes.

Sifat budaya adaptif katingal cetha ing mriki saking ubarampe ingkang boten kedah wonten kados cara rumiyen. Dene sifat budaya ewah, mila saking wontenipun sifat adaptif menika lajeng murugaken ewah ing budaya ing bagenipun tartamtu, kados dene papan, ubarampe, tata lampah, lsp.

Sifat budaya kabagi ketawis saking panyengkuyung masarakat ingkang boten wetah. Tegesipun priyayi setunggal dhusun ingkang gadhah tradhisi kadang kala kathah ingkang nganggep upacara menika boten prelu, boros, musrik, sedaya menika miturut budaya kaanggep wajar awit sifatnipun ingkang terbagi

Salajengipun supados lestuntun budaya kedah dipuntularaken lan dipunturunaken. Pramila ing mriku proses nyinaoni budaya.



## DUDUTAN

Kabudayan inggih menika sedaya ingkang wonten ing manungsa kanthi sinau. Pramila sedaya ingkang wonten ing gesangipun manungsa inggih menika kabudayan. Mahami lan sinaoni budaya utawinipun budaya tradhisi ngandhut kamanpangatan ingkang tanpa umpami kangge para manungsa.

Dipunprelokaken sadharing manungsa awit fenomena budaya. Salajengipun masarakat saged dipunjak kangge mahami fenomena budaya. Pamahaman ingkang lebet badhe nemokaken bab-bab ingkang wonten ing fenomena budaya menika sasampunipun menika saged ngregani, nglestantunkaen, ngembangaken, lan ngawontenaken pembinaan.

## DAFTAR PUSTAKA

- Ihromi, T.O. 1996. *Pokok Antropology Budaya*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Koentjaraningrat. 1996. *Pengantar Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Pigeud, Q. Th. 1960. *Java in The Fourteenth Century*. The Hague: Martinus Nijhoff. 5 jilid.
- \_\_\_\_\_. 1980. *Literature of Java: Catalogue Raisonne of Javanese Manuscript in the Library of the University of Leiden and Other Public Collections in the Netherlands*. Den Haag: Martinus Nijhoff.
- Siagan, Renville. 2002. *Candi sebagai Warisan Seni dan Budaya Indonesia*. Yogyakarta Cempaka Kencana.
- Simuh. 1995. *Sufimisme Jawa Transformasi Tasawuf Islam ke Mistik Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Bentang Budaya.
- Soedarsono. 1985. *Keadaan dan Perkembangan Bahasa, Sastra, Etika, Tata Krama dan Seni Pertunjukan Jawa, Bali dan Sunda*.
- Soedarsono. 1986. *Kesenian, Bahasa dan Folklor Jawa*. Yogyakarta: Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara Direktorat Jenderal Kebudayaan Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Widyastuti, Sri Harti. 1995. *Pandangan keluarga Jawa dalam Pemakaian bahasa itu bahasa Jawa*. Lembaga Penelitian Universitas Negeri Yogyakarta.